ХӀоттийнарг – Илесов Іарби

Берийн бошмашкарчу
кхетош-кхиорхошна гӀоьнна

Рецензенташ – М-Э. Эдихаджиев, С. Магамедов

# Уггар кегийчарна
# бусалба дин довзийтар

Жайна, то а дина, шозлагӀа арахоьцуш ду

Гуьмсе 2019

А. Илесов. Ознакомление дошкольников с мусульманской религией. Гудермес, 2019, – 84 с.
*(В помощь для воспитателей детских садов)*

Рецензенты – М-Э. Эдихаджиев, С. Магамедов

Издание второе, исправленное

## Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м

## Дешхьалхе

Хастам бу Iаламийн да волчу АллахIна. Делера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала вайтина волчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Вайна ма-гарра, къоман кхетам кхиоран, цуьнан барт чIагIбаран муьрехь еха тахана Нохчийчоь. Къоман кхетам кхиор, цуьнан кхачамбацарш дIадахар атта гIуллакх дац я цхьана дийнахь бича чекхбер болу болх бац иза. Делан дуьхьа, хIора дийнахь, сохьтехь къахьега дезаш болх бу иза. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху Къуръана чохь: **«Шух хуьлийла дикане кхойкху уммат, диканиг де олуш, вуониг ма де а олуш, уьш декъала хилларш бу».** *«Алу Iимран», 104.*

Оцу сирлачу, мехалчу Iалашоне вай кхочур ду, нагахь санна вай динехь нислахь. Делан къинхетамца, вешан дин Iамо, гIиллакхаш, Iадаташ дендан а маршо ю вайна тахана. Бусалба хилийша, нохчаллех ма дохийша, шайн доьзалан, юьртан, мехкан дай хилийша бохуш, хIора дийнахь вайга кхайкхамаш беш Нохчийчоьнан куьйгалхо а ву.

Тхо тешна ду, къам кхиоран, иза динехь нисдаран болх берашна тIера дIаболо безаш хиларх. Бераш вайн къоман кхане ю. Царах доьзна ду вайн къоман хиндерг. Царах вайна накъостий хиларх догдоху вай, уьш сил дукхабезаш кхиа а бо. ХIора ден-ненан декхар ду шайн доьзалхочунна бусалба дин Iамор. Делан Элча-

но (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех».** *Бухари, Муслим.*

Ишколе дахале беро масийтта шо берийн бешахь доккхуш нисделла таханлера хьал. Беро массо хIуманан тидам бен, цунна керла хIума девза, и тIаьхьакхиа гIерта долалун шераш ду уьш. Цундела, оцу хенахь дуьйна боло беза царна дин довзийтаран болх. Тахана къаьстина мехала бу кхетош-кхиорхоша бен болх. Делан дуьхьа лерина бахь, мела хир болуш, ледарло ях, Делан оьгIазло хиларна кхерам болуш болх бу иза. Берийн бешан кхетош-кхиорхочунна (воспитатель) гIоьнна, берашна шайн динехь уггар хьалха хаа дезарг дуьйцуш вовшахтоьхна ду хIара жайна. ХIокху жайнина (Iаматна) юкъадогIу хIара дакъош:

1. Берийн бешан кхетош-кхиорхочунна Исламах, Ийманах кхетам балар

2. Берашна Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вовзийтар

3. Берашна Къуръанах кхетам балар

4. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дахарх ирс эцар

5. Къуръанан цхьадолу сураташ, салават Iамор, Дела хьехор

## Исламах кхетам

Iалашо: кхетош-кхиорхочунна Исламах, Иймманах кхетам балар, церан арканаш (бIогIамаш) довзийтар.

Хьалха ала догIу, берашца къахьоьгург ша хила веза (еза) динан орамаш (баххаш) бевзаш, шен духарца, леларца берашна масал гойтуш а.

Ислам – Веза-Сийлахьчу АллахIна муьтIахь волуш, Цуьнан шариIат къобал а деш, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) деанчунна тIаьхьавазар ду. Муслим (бусалба) – иза болх АллахIна карабелла, Цунна муьтIахь хилларг ву. ШариIат – иза Дала Элчанехула (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) адамашка дIахьедина церан тешарца, дахарца, синхаамашца дозуш долу омранаш ду.

Ислам пхеа рукнанна (бIогIамна) тIехь лаьтташ ду. Рукна (дукхаллин терахьехь – арканаш) хIума латтаран бIогIам, хIуманна тIетовжар, гIортор бохург ду (Iарбийн маттера гочдича). Рукна кхочуш ца хилча, Iибадат къобал ца хуьлу. Масала, Бисмилла дешар ламазан арканех цхьа рукна ю, и ца дешахь, ламаз къобал хир дац.

Исламан арканаш хьахийна IабдуллахIа бин Iумар (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцинчу хьадисехь. Цо элира: «Суна хезира Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш: **«Ислам** (бусалба дин) **пхеа хIуманна** (бIогIамна) **тIехь лаьтташ ду:**

**1 –** (дагца къобал деш, маттаца) **АшхIаду алла́ ила́хIа иллалло́хIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росу́лулло́хI** (Iибадат дан хьакъ верг цхьа АллахI бен кхин дела вац, Мухьаммад – АллахIан Элча ву) **аьлла, шахIадат далор ю;**

**2 - ламаз дар;**

**3 - закат далар;**

**4 - хьаж дар** (ницкъ кхачахь);

**5 - Рамадан бутт кхабар».** *Бухари, Муслим.*

Оцу пхеа арканах муьлхха цхьаъ я масех рукна къобал ца йийриг

керсталли чу вужуш ву.

## Ламаз дар

Ламаз уггар деза Iибадат лоруш ду бусалба динехь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Массо хIуманан корта Ислам дин ду. Цуьнан бIогIам ламаз ду, Делан некъахь къахьегар цуьнан бухь бу».** Иштта Муслима далийначу хьадисехь ду: **«Ламаз дитинарг куфр** (керсталла) **динарг ву»**, – аьлла.

Дала уггар хьалха тIедиллина Iибадат ду ламаз. Веза-Сийлахьчу АллахIа Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхI стигалел лакха ваьккхина, Жабраил-маликал (Делера салам хуьлийла цунна) Шена герга а вигна, омра дина цуьнга, ламаз де аьлла. Ламазна тIера долалур ду адаман Iамалийн хьесапдар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Къематдийнахь адаман Iамалех хьалха хьесап дийр дерг ламаз ду. И нийса хилахь, йисина Iамалш нийса хир ю, гал хилахь, йисина Iамалш гал хир ю».**

## Ламаз эцаран кеп

1 - «БисмиллахIиррохьманиррохьим. Ас ниййат ди, ламаз эцаран суннаташ кхочушдан, Делан дуьхьа» – аьлла, ши куьг дуьлур ду (кхузза);

2 - Бага хи кхорзур ду аьтту куьйга (кхузза);

3 - Мер чу хи кхорзур ду аьтту куьйга, мара аьрру куьйга цIанбийр бу (кхузза). Бага, мер чу цхьаьна хи кхарзар бегIийла лерина.

4 - «Ас ниййат ди, ламаз карара далар дIаайа, Делан дуьхьа» я «Ас ниййат ди, ламаз эцаран фарзаш кхочушдан, Делан дуьхьа», – аьлла, ниййат деш, юьхь юьлур ю (кхузза); Юьхь юьлуш, хьаьжа тIе, лергийн йистошка, чIенги тIе, лога тIе хи кхачийтар важиб ду. Юьхь йила хьаьжа тIера волалур ву (лакхара охьа). БIаьргийн сенаш хьакхор дика лерина ду.

5 - Голаш цхьаьна аьтту пхьарс буьлур бу, хьалха пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);

6 - Голаш цхьаьна аьрру пхьарс буьлур бу, хьалха пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);

7 - Коьртана масхьу деш, керлачу хица тIадийна ши куьг коьртах хьокхур ду (кхузза);

8 - Юха а ши куьг тIадийна, чухула (хьажо пIелгаца), тIехула (нанапIелгаца) лергаш дуьлур ду (кхузза);

9 - Хьорка а цхьаьна аьтту ког буьлур бу, пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);

10 - Хьорка а цхьаьна аьрру ког буьлур бу, пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза).

## Ламаз эцна ваьлча, хIара доIа дар суннат ду

**АшхIаду ал-ла́ ила́хIа иллалло́хIу вахьдахIу ла́ шари́ка лахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу́ ва росу́лухIу. Алло́хIуммажIальни́ минат-тавва́би́на, важIальни́ миналь-мутатIоххIири́на** (Ас тоьшалла до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла; Ша цхьаъ ву Иза, Шеца накъост воцуш. Ас тIаккха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, Элча а ву аьлла. Везан Дела, со тобадиначарах а, цIанойиначарах а вехьа)**.**

Ламаз еза Iамал ю. Цундела цунна кечам беш, ламаз лерина эца деза. Дика лерина ду, ламаз къилбехьа (ламазе воьрзу агIо) вирзина эцар, ког-куьг хьорканел сов долуьйтуш дилар.

Ткъа ламаз оьцуш дукха хи Iенорах ларвала веза, ламаз оьцуш волуш къамел дар дика дац. Ша ламаз эцалуш волуш, кхечуьнга шена гIо дайтар (хи доттийтар, …) дика дац, юьхьах (тIараш детташ) хи деттар дика ца лерина.

Ламаз карара долу шен гIуллакхна хьаштагIа чу вахча я мох арабаьлча, набкхоьтуьйтуш дIавижча, хьекъала чуьра ваьлча, яло хьанал йолчу зудчух хьаккхавелча. Ламаз карара даьллачо, ша ламаз дан валлахь, юха а ламаз эца деза.

## Ламаз деш волчо лардан деза ламазан гIиллакхаш

Адам шен дахарехь гIиллакхе хила дезаш ду. Цуо гIиллакх лело деза шена гонах мел долчуьнца: наха-

ца, дийнаташца, Іаламца. Дика адам вуочух гІиллакхо къастадо.

Ламаз деш волчо шен дагахь хилийта деза ша АллахІна гуш хилар. Ламаза тІехь меттахъхьуьйр вац, ламазна хьала-охьатаІар доцург, я аьтту, я аьрру агІор хьоьжур вац, я куьйган пІелгаш лестор дац, кхийолу меженаш меттахъхьейиийр яц цуо, ламаза тІехь меттахъяккха езашъерг бен. Ламаз деш верг стигала, дІаса хьоьжур вац, ша сужда дечу метте хьожур ву.

Ламаз деш верг шен дегІ нисдеш дІахІуттур ву; цхьана кога тІера вукху кога тІе а хІуьттуш, ловзур вац иза, хІунда аьлча и меттахъхьеро Делах кхерар дІадоккху цуьнан даг чуьра. Иштта бусалба стага, шен духар тІехь я ламаз дечу меттехь адамийн я хьайбанийн сурт долуш, ламаз дар дика дац. Цул сов, ламаз деш йолу меттиг, тІера бедар цІена хила езаш ю. Ша ден ламаз, сих ца луш, хьала-охьа таІарехь, нисваларехь тем беш дан деза бусалба стага.

## Ламаз дохош долу хІуманаш

Ламаз духур ду хІокху тІаьхьадогІучарах цхьаъ ламаз дечуьнгара даьлча:

1) Лаамана вистхилча я, шина элпах лаьттарг даьлла а, дош далахь. Амма, вицвелла, дош аьллехь я лаамза велар иккхинехь, ламаз духуш дац;

2) Дуккха и меттахъхьийча я рукнанийн кеп хийцича. Цхьана рукнехь тІеттІа кхузза меже меттахъхьайича я кхо меже цхьане меттахъхьайича, ламаз духуш ду. Масала, Бисмилла доьшуш, корта, куьг меттахъ-

хьадина, ког баккхахь, ламаз духуш ду. Амма цхьана куьйгаца коьртара пес нисъяро, я шега салам делча куьйган эшарца и схьаэцаро ламаз ца дохадо;

3) Цуьнан дегIа тIе я бедар тIе нажас (боьхалла) хьаккхаелча;

4) Iавратах цхьа хIума гучуяьлча;

5) Цхьа хIума кхаьллича я мелча (хууш я вицвелла);

6) Дуьххьарлера салам далале хьалха цуьнан ламаз карара даьлча;

7) Ахьан-ахьан аларца и велавелча я вилхича;

8) Динах араваьлча;

9) Хуушшехь, рукна хадийча (кхочуш ца йича). Масала, рукуIе охьакхаьчна валале хьаланисвалар;

10) Ламазан рукна йитича;

11) Хуушехь, рукнанийн рогIалла хийцича.

## Фарз ламазаш

ХIора бусалба стагана тIехь ду, цхьана дийнахьбуса пхи фарз ламаз дар. И хIора ламаз шен-шен хенахь деш ду.

1) Хьалхарниг – 2 ракаIатехь долу **Iуьйра** ламаз ду (шиъ Бисмилла, цхьаъ Этхьиг). Оцу ламазан хан Iуьйранна малх кхетале йолу хан ю. Iуьйра ламазехь ший а Бисмилла чIогIа доьшур ду. Iуьйра ламаз иштта дийр ду:

ДегI нисдеш, ши ког къилбехьа берзийна, цхьа ша хиллал барамехь дIасабохуьйтуш дIахIуттур ву.

«Ас ниййат ди, сайн фарз шиъ ракаӀат **Ӏуьйра** ламаз Далла дан», – аьлла, ниййат деш, ши куьг хьалаайдина Аллóхlу Акбар аьлла, ламаз доьхкур ду. Ши куьг (аьтту куьг тӀехула долуш) некха кӀела а дуьллуш, ша суждане гӀур волчу метте хьоьжуш волуш, лахарчу озехь таважжухӀ доӀа дешар суннат ду, цул тӀаьхьа оццу озаца АӀýзу биллáхӀи минаш-шайтӀóнирроживм, аьлла, шена хезачу барамехь аз ойуш, Бисмилла (Фатихьат) доьшур ду. (Амма зудчо, хийрачу божаршна хезачохь ламаз деш иза елахь, Бисмилла аз лахдина доьшур ду).

**БисмиллáхӀиррохьмáниррохьи́м.**

**Альхьамду лиллáхӀи роббиль-Ӏáлами́н.**

**Аррохьмáниррохьи́м.**

**Мáлики йавмидди́н.**

**Иййáка наӀбуду ва иййáка настаӀи́н.**

**ИхӀдинас-сырóтӀоль-мустакъи́м.**

**СырóтӀоллази́на анӀамта ӀалайхӀим,**

**гӀойриль-магӀдýби ӀалайхӀим валаддóлли́н.**

(Áми́н).

***Фатихьатан маьӀна:***

АллахӀан цӀарца, Къинхетаме, Къинхетам бийр болуш Волчу.

Ӏаламийн Да Волчу АллахӀна хастам бу.

Къинхетаме, Къинхетам бийр болуш Волчу.

Къематдийнан Паччахь Волчу.

Хьуна Ӏибадат до оха, Хьоьга гӀо доьху.

Нийсачу некъа нисдехьа тхо.

Айхьа ниІмат деллачеран некъа дигахь тхо,

ма дигахь тхо Айхьа оьгІазло йинчеран, тилабеллачеран некъа.

И дешна ваьлча, шена хуучех Къуръанан сурат я аяташ дешар суннат ду.

Цул тІаьхьа, ши куьг юха хьалаойбуш Алло́хІу Акбар олуш, рукуІе гІур ву (куьйгийн пІелгашца когийн голаш лоцуш, букъ, ворта лаьттаца пурхнехьа нисъеш, охьатаІар). Оцу рукуІехь тем беш, ша сужда дийр долчу меттиге (корта тухучу) хьаьжна волуш, кхузза «Субхьа́на роббияль-Іазы́м (ЦІена ву Сийлахь волу сан Дела)» эр ду. Цул тІаьхьа, ши куьг ойбуш, СамиІалло́хІу лиман хьамидахІ олуш, рукуІера хьаланислур ву. Хьаланисвеллачохь тем бина (пауза), Алло́хІу Акбар олуш, хьалха шина коган голаш, тІаккха куьйгаш лаьтта дохкуш суждане гІур ву. Сужданехь ворхІ меженна тІевазлур ву (хьаж-мара, ши куьг, шина коган голаш, шина кога пІелгийн геш). Ши куьг, пІелгаш герга хьабдина долуш, белшашна дуьхьал лаьтта диллина хилар суннат ду. Пхьаьрсаш агІонех цахьакхалучу барамехь, дегІана херадаьхна долуш, гай варех ца хьакхадолуьйтуш сужда дар суннат ду. Амма зудчо, пхьаьрсаш дегІана тІеоьзна (стага санна меженаш ца яржош) дийр ду сужда. Сужданехь тем беш, кхузза «Субхьа́на роббияль-аІла́ (ЦІена ву, Веза-Сийлахь волу сан Дела)» аьлла, Алло́хІу Акбар олуш, охьахуур ву. Охьахиъча, тем беш, «РоббигІфир ли́ вархьамни́ (Сан Дела, гечдехьа суна, къинхетам бехьа сох)» эр ду.

Юха а (шозлагIа) АллóхIу Акбар олуш, суждане гIур ву, цигахь (тем беш) а кхузза «Субхьáна роббияль-аIлá» эр ду. Сужданера охьахаарца жимма соцунгIа а хуьлуш, АллóхIу Акбар олуш, ирахIуттур ву. Ирахь волуш, хьалха санна, шолгIа Бисмилла дешна, рукуIе ваханчуьра хьаланисвелча ши куьг лаьцна, шена хезачу барамехь аз ойуш, махIдин доьшур ду: **«АллóхIуммахIдинѝ фѝман хIадайта, ва Iáфинѝ фѝман Iáфайта, ва таваллaнѝ фѝман таваллайта, ва бáрик лѝ фѝмá аIтIойта, ва къинѝ шарро мá къодойта, фа иннака такъды́ валá юкъдó Iалайка, ва иннахIу лá йазиллу мав-вáлайта, валá йаIиззу ман Iáдайта, табáрокта роббанá ва таIáлайта, фа лакаль-хьамду Iалá мá къодойта, ва лакаш-шукру Iалá мá хIадайта, астагIфирука ва атýбу илайка. АллóхIумма ахрижнѝ минад-дунйá маIальѝмáни, ва соллаллóхIу таIáлá ва саллама Iалá хойри холкъихIѝ Мухьаммадив-ва Iалá áлихIи ва асхьáбихIѝ ажмаIѝн».**

Цул тIаьхьа сужданаш дийр ду. ТIаьххьара сужда дича, охьахиъна, шена хезачу барамехь аз ойуш, Этхьиг доьшур ду: **«Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тIойийибáту лиллáхIи. Ассалáму Iалайка аййухIаннабиййу ва рохьматуллóхIи ва барокáтухI. Ассалáму Iалайнá ва Iалá IибáдиллáхIис-сóлихьѝн. АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхI. АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá соллайта Iалá ИбрóхIѝма ва Iалá áли ИбрóхIѝма, ва бáрик Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá бáрокта Iалá ИбрóхIѝма ва Iалá áли ИбрóхIѝма филь-Iáламѝна. Иннака хьамѝдум-мажѝд».**

### *Этхьиган маьIна:*

Лерамаш, беркаташ, ламазаш, дика Iамалш, дешнаш а АллахIна ду. Маршо хуьлийла хьуна, хIай Пайхамар, АллахIан къинхетам, Цуьнан беркаташ а хуьлийла хьуна. Тхуна а, АллахIан дикачу лешна а хуьлийла маршо. Аса тоьшалла до, АллахI воцург, Дела вац аьлла, Мухьаммад – Делан Элча ву, аьлла. Я АллахI, Мухьаммадах (иза вазварца), Мухьаммадан доьзалх а къинхетам бехьа, Айхьа ИбрахIимах, ИбрахIиман доьзалх а къинхетам ма-барра. Я АллахI, Мухьаммадна, Мухьаммадан доьзална а беркат дехьа, Айхьа ИбрахIимна, ИбрахIиман доьзална а беркат ма-дарра Iаламашкахь. Баккъалла а, Хьо Хастаме, Сийлахь ву.

Этхьиг доьшуш, куьйгаш когийн голаш тIе дехкина хир ду. Аьрру куьйган пIелгаш тIеттIа хилийна (хецна) дуьтур ду, ткъа аьтту куьйган буй бина, хьажон пIелг хецна буьтур бу, «ИллаллóхIу» олучу хенахь аьтту куьйган хьажон пIелг хьалаойбур бу.

Этхьигехь аьрру ха лаьтта дуьллуш, лаьттах гIортийначу аьтту когана бухахула аьрру ког дIахоьцуш охьахуур ву (таваррук кепара охьахаар). Этхьиг дешна ваьлча, салам далале хIара доIа дар суннат ду: **«АллóхIумма инни́ аIу́зу бика мин Iаза́биль-къобри, ва мин Iаза́би жахIаннама, ва мин фитнатиль-махьйа́ валь-мама́ти, ва мин шарри фитнатиль-маси́хьид-дажжа́л** (Я АллахI, баккъалла а, Хьоьга сой Iалашвар доьху аса кошан Iазапаххий, жоьжахатин Iазапаххий, дахаран а, даларан а баланаххий, Масихь-Дажалан питанаххий)**».** И дешна ваьлча, корта аьтту агIор дIаберзош, шена хезачу барамехь аз

ойуш, Ассала́му Іалайкум ва рохьматулло́хІ (Делера салам, къинхетам хуьлийла шуна) аьлла, салам лур ду, юха аьрру агІор корта берзош а эр ду Ассала́му Іалайкум ва рохьматулло́хІ. Ала деза, Іуьйра ламазехь хьала-охьатаІарехь олуш долу Алло́хІу Акбар шена хезачу барамехь аз ойуш ала деза. Иштта дина волу Іуьйра ламаз.

2) ШолгІа ламаз – иза 4 ракаІатехь деш долу **делкъа** ламаз ду (диъ Бисмиллий, шиъ Этхьиггий).

Цуьнан хан малх делкъенга баьллачул тІаьхьа хуьлуш ю. Цунна нийййат иштта дийр ду: «Ас нийййат ди, сайн фарз диъ ракаІат делкъа ламаз Далла дан», – аьлла. Іуьйра ламаз деш санна, ши Бисмилла, Этхьиг дешна ваьлча, салам ца луш, юха а ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна лур ду салам. Ламазехь мел доьшуш дерг шена хезачу барамехь доьшур ду.

3) КхоалгІа ламаз – 4 ракаІатехь деш долу **малхбуза** ламаз ду (диъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан – малх делкъалтІаьхьенга лестина, мажбала болабелча хуьлуш ю. Малхбуза ламаз, делкъа ламаз санна, деш ду. Цаьршинна юккъехь йолу башхалла – иза нийййат дар ю. Малхбуза ламазна нийййат иштта дийр ду: «Ас нийййат ди, сайн фарз диъ ракаІат малхбуза ламаз Далла дан», – аьлла.

4) ДоьалгІа ламаз – 3 ракаІатехь деш долу **маьркІажа** ламаз ду (кхоъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан малх чу ма-буьззи хуьлуш ю.

Цунна нийййат иштта дийр ду: «Ас нийййат ди, сайн фарз кхо ракаІат маьркІажа ламаз Далла дан», – аьлла. Іуьйра ламазехь санна, ши Бисмилла, цхьа Этхьиг

дешна, хьалагӀаьттина цхьа Бисмилла дешна, рукуӀ, сужданаш дина, шолгӀа Этхьиг дешна, аьтту агӀор салам лур ду, юха аьрру агӀор салам лур ду. ХӀокху ламазан хьалхара ши Бисмилла хозуьйтуш, юккъерчу озехь доьшур ду, ткъа дисина цхьа Бисмилла шена хезачу барамехь доьшур ду.

5) ПхоьалгӀа ламаз – 4 ракаӀатехь деш долу **пхьуьйра** ламаз ду (диъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан, малх дӀа а буьзна, цуьнан цӀелла дӀаяьллачул тӀаьхьа (герггарчу хьесапехь, вайн махкахь малх чу буьзначул тӀаьхьа цхьа сахьт ах сахьт даьлча) хуьлуш ю. ХӀара ламаз, делкъа, малхбуза ламазаш санна, деш ду.

Цунна ниййат иштта дийр ду: «Ас ниййат ди, сайн фарз диъ ракаӀат пхьуьйра ламаз Далла дан», – аьлла. Цуьнан башхалла – хьалхара ши Бисмилла, маьркӀажа, Іуьйра ламазашкахь санна, чӀогӀа доьшур ду, ткъа дисина ши Бисмилла шена хезачу барамехь доьшур ду.

Терго ян еза, делкъа, малхбуза, маьркӀажа, пхьуьйра ламазашкахь, хьалхара Этхьиг иштта деша дезарна:

**Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тӀойийибáту лиллáхӀ. Ассалáму Іалайка аййухӀаннабиййюварохьматуллóхӀивабарокáтухӀ. Ассалáму Іалайнá ва Іалá ІибáдиллáхӀис-сóлихьйин. АшхӀаду ал-лá илáхӀа иллаллóхӀу ва ашхӀаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхӀ. АллóхӀумма солли Іалá Мухьаммад.**

Ткъа тІаьххьара Этхьиг иштта доьшур ду:

**Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тІоййибáту лиллáхІ. Ассалáму Іалайка аййухІаннабиййюварохьматуллóхІивабарокáтухІ. Ассалáму Іалайнá ва Іалá ІибáдиллáхІис-сóлихьйн. АшхІаду ал-лá илáхІа иллаллóхІу ва ашхІаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхІ. АллóхІумма солли Іалá Мухьаммадив-ва Іалá áли Мухьаммад.**

## Ламазан тасбихь

Ламазал тІаьхьа доккхучу тасбихьан кеп иштта ю:

Ламазан салам ма-делли, кхузза АстагІфируллóхІ аьлла: **«АллóхІумма антас-салáму ва минкас-салáму табáрокта йá заль-жалáли валь-икрóм** (АллахІе гечдар доьху ас. Я АллахІ, Хьо маьрша ву, Хьоьгара маршо ю, беркате ву Хьо, хІай сийлаллин, лараман Да)**».**

Цул тІаьхьа эр ду: **«Лá илáхІа иллаллóхІу вахьдахІý лá шарйка лахІ. ЛахІуль-мульку ва лахІуль-хьамду, йухьйй ва йумйту ва хІува Іалá кулли шай-ин къодйр** (Цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцуш волу, АллахІ воцург Дела вац, Цуьнан ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Цо ден а до, са а оьцу, Иза массо а хІума дан ницкъ кхочуш Ву)**».**

Цул тІаьхьа Айатулкурсий доьшур ду:

**БисмиллáхІиррохьмáниррохьйм**

**«АллóхІу лá илáхІа иллá хІуваль-хьаййуль-къоййýм. Лá таъхузухІý синатув-ва лá навм. ЛахІý мá фис-самáвáти ва мá филь-ард. Ман зал-лазй**

**йашфаIу IиндахIу́ илла́ биизнихI. ЙаIламу ма́ байна айди́хIим ва ма́ хольфахIум, ва ла́ йухьи́тIу́на бишай-им-мин IильмихIи́ илла́ бима́ ша́ъ. ВасиIа курсиййухIус-сама́ва́ти валь-ард, ва ла́ йау́духIу́ хьифзухIума́, ва хIуваль-Iалиййуль-Iазы́м».**

Цуьнан маьIна: «АллахI, И воцург Дела вац, даима дийна волу (Шен лен доладеш), даима лаьтташ волу. Иза набаран таро дIа ца лоцу, я набаро а. Цуьнан долахь ду стигланашкахь мел дерг а, лаьттахь мел дерг а. Цунна хьалха гIо доккхун дерг мила ву (цхьа а вац), Цуьнгара пурбанца а бен. Цунна хаьа, царна хьалха хилларг а, царна тIаьхьа хиндерг а. Уьш тIе а ца кхуьу Цуьнан Iилманах цхьана а хIуманна, Цунна лиънарг доцчунна. Цуьнан Iаршо чулоцу стигланаш а, латта а. Я Цунна хала а дац и шиъ Iалашдан, Иза ву Лекха, Веза».

Цул тIаьхьа, **Йа́ Iазы́му йа́ кари́м, зуль-жала́ли вал-икро́м** (ХIай, сийлаллехь уггар лакхарчу даржехь Верг, беркат-хайр дукха Дерг, хIай сифаташ Сийлахь, кхоччуш Дерг) аьлла, 33-зза Субхьа́налло́хI (ЦIена ву АллахI) эр ду.

Цул тIаьхьа, **Iамма́ йасыфу́на да́иман шукрухIу** (ЦIена ву АллахI Шена тIе кхуллучух, даима а шукра ду Цунна) аьлла, 33-зза Аль-хьамду лилла́хI (хастам бу АллахIна) эр ду.

Цут тIаьхьа, **Роббиль-Iа́лами́на таIа́ла́ шаънухIу ва ла́ ила́хIа гIойрухIу** (Iаламаш кхобуш, кхиош ву Иза, Шен возаллехь Лекха ву, АллахI воцург кхин Дела вац) аьлла, 33-зза Алло́хIу Акбар (АллахI Воккха ву) эр ду.

Цул тӀаьхьа, **Каби́ров-вальхьамду лилла́хӀи хьамдан каси́ров-ва Субхьа́наллóхӀи букротав-ва асы́ла́. Ла́ ила́хӀа иллаллóхӀу вахьдахӀý ла́ шари́ка лахӀ, лахӀуль-мульку ва лахӀуль-хьамду ва хӀува Ӏала́ кулли шай-ин къоди́р** (АллахӀ Воккха ву, дукха а болу хастамаш АллахӀна бу, ЦӀена ву Иза даимна. Цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцуш волу, АллахӀ воцург Дела вац, Цуьнан ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Иза массо а хӀума дан ницкъ кхочуш ву), - эр ду.

Ламаз динчул тӀаьхьа хӀара доӀанаш, Къуръанан сураташ, аяташ а дешар мелехь ду:

**«Ала́ инна авлия́аллóхӀи ла́ ховфун ӀалайхӀим ва ла́ хӀум йахьзану́н. Аллази́на а́ману́ ва ка́ну́ йаттакъу́н** (ЛадогӀа, баккъалла а, Далла гергабахана нах (эвлияаш, устазаш) – царна кхерам хир бац, я уьш гӀайгӀане а хир бац. Деле ийман диллина, Цунах кхоьруш берш бу уьш)**»**.

**«Роббана́ золамна́ анфусана́ ва ил-лам тагӀфир лана́ ва тархьамна́ ланаку́нанна миналь-хóсири́н** (Тхан Дела, оха зулам дина тхайн догӀмашна; Ахь тхуна геч ца дахь, Ахь тхох къинхетам а ца бахь, баккъалла а, тхо хир ду дакъазадевллачарах)**»**.

**«АллóхӀумма инни́ асъалука Ӏильман на́фиӀан, ва ризкъон тӀоййибан, ва Ӏамалан мутакъоббалан** (Я АллахӀ, баккъалла а, Хьоьга доьху аса пайде Ӏилмий, хьанал (цӀена) рицкъий, къобал хуьлу Ӏамаллий)**»**.

## Сурат «Аль-Ихлас»

**Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м**

**«Къуль хIуваллóхIу ахьад. АллóхIус-сомад. Лам йалид ва лам ю́лад. Ва лам йакул-лахIу́ куфуван ахьад** (АллахIан цIарца, Къинхетаме Волчу, Къинхетам бийр болуш Волчу. Ахь ала: Иза АллахI ву, Ша цхьаъ волу. АллахI даима лаьтташ ву, Цуьнан доьзал бац, я Иза Ша а вац вина. Цунах тера цхьа а вац)**».**

## Сурат «Аль-Фалакъ»

**Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м**

**«Къуль аIу́зу бироббиль-фалакъ. Мин шарри ма́ холакъ. Ва мин шарри гIóсикъин иза́ вакъоб. Ва мин шаррин-наффа́са́ти филь-Iукъод. Ва мин шарри хьа́сидин иза́ хьасад** (АллахIан цIарца, Къинхетаме Волчу, Къинхетам бийр болуш Волчу. Ахь ала: Ас сой Iалашвар доьху сатасаран Деле Цо кхоьллина долчу хIуманан вуонах. Цо дуьне дIахьулдинчу хенахь (хуьлучу) буьйсанан боданан вуонах а. Шеддашна тIе хIуп бохучу (холмач юллучу) зударийн вуонах а. ХьагI лелочо хьагI лаьцча, хуьлучу вуонах а)**».**

## Сурат «Ан-Нас»

**Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м**

**«Къуль аIу́зу бироббин-на́с. Маликин-на́с. Ила́хIин-на́с. Мин шарриль-васва́силь-хонна́с. Аллази́ йувасвису фи́ суду́рин-на́с. Миналь-жиннати ван-на́с** (АллахIан цIарца, Къинхетаме Вол-

чу, Къинхетам бийр болуш Волчу. Ахь ала: Ас сой Iалашвар доьху адамийн Эле, Адамийн Паччахье, Адамийн Деле. Даг чу вуон ойланаш а туьйсуш, АллахIан цIе яьккхича, додий, къайладолучу шайтIанан вуонах, адамийн дегнаш чу вуон ойланаш туьйсуш долчу жинеххий, адамеххий долчу)**»**.

ТIаьххьара ши куьг лаьцна, Деле шена гечдар доьхуш, шена гIо дар доьхуш, доIа дийр ду. ДоIа деш – хьалха Далла хастам бийр бу, Альхьамду лилла́хIи роббиль-Iа́лами́н аьлла, тIаккха Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават дуьллур ду – Алло́хIумма солли Iала́ Мухьаммадив-ва Iала́ а́ли Мухьаммадив-ва саллим. Цул тIаьхьа шена, шен гергарчарна, массо бусалба нахана гечдар доьхур ду, ламаз, марха къобалдар доьхур ду, дуьненахь шена лууш дерг деха мегар ду. ДоIа дерзош, юха а Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллина – Алло́хIумма солли Iала́ Мухьаммадив-ва Iала́ а́ли Мухьаммадив-ва саллим, Бисмилла (Фатихьат) дешна, дерзор ду доIа.

### Ламаз карара долу бахьанаш

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Ламаз карахь доцуш дина ламаз Дала къобал дийр дац».** *Муслим.*

Ламаз карара долу деа хIуманца:

1) бехке меттехула (хьалхахула, тIехьахула) хIума (боьхалла, хьатI, цIий, мох) араяларца;

2) Хьекъал чуьра валарца – эгIийна я хорша еана хил-

ча, я вехха, я цамгараллица, я тевжина а волуш наб кхетарца. Амма хиъна волуш наб озаярх ламаз карара ца долу;

3) Стаг шен зудчух я кхечу арахьарчу (хийрачу) зудчух (юккъехь пардо а доцуш) хьакхаваларца. Амма стеган я зудчун мIара, месаш, церг хьакхаяларх, ламаз карара долуш дац. Дуккха нах гулбеллачохь, куьг кхеттарг стаг я зуда (муьлхарниг ду) ца хиънехь а, ламаз карара ца долу;

4) Стаг шен я кхечунан бехке меттигах куьйган кераюькъца, пIелгийн чоьхьенашца хьакхавелча а. Башхалла яц – стаг жима я воккха, дийна я велла хилар (и хIинцца дина бер делахь); цуьнан бехке меттигех хьакхавелча (хаа хууш я вицвелла), ламаз карара долуш ду. Ламаз карара дер дац, куьйган тIехула йолу агIо, пIелгийн буьхьигаш, я (куьг доцург) кхийолу дегIан меже бехкечу меттигах хьакхаяларх. Иштта, ламаз карара ца долу, хьайбанан бехкечу меттигах хьакхавелча.

## Фарз ламазашца деш долу суннат ламазаш

Шена мела алсам безачо фарз ламазашца суннат ламазаш дан деза.

Суннат Iамал Дала вайна фарз йина тIейожийна яц, амма е аьлла дIакхайкхийна Iамал ю. Цул сов, фарз ламазийн кхачамбацарш дIадоху суннат ламазаш даро. ХIора фарз ламазца деш суннат ламазаш ду:

– Фарз Iуьйра ламазал хьалха деш долу ши ракаIат суннат ламаз.

И ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, фарз Іуьйра ламазал хьалхара ши ракаІат суннат ламаз Далла дан». Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дІадерзор ду и ламаз.

– Делкъа ламазал хьалха шишша ракаІатца деш шиъ суннат ламаз ду. Иштта делкъа ламазал тІаьхьа а ду шина ракаІатах долу шиъ суннат ламаз.

Делкъа ламазал хьалхара суннат ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, делкъа ламазал хьалхара ши ракаІат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дІадерзор ду и ламаз. Цул тІаьхьа, хьалха санна ниййат деш дийр ду делкъа ламазал хьалхара шолгІа ши ракаІат суннат ламаз а.

Делкъа ламазал тІаьхьара суннат ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, делкъа ламазал тІаьхьара ши ракаІат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дІадерзор ду и ламаз. Цул тІаьхьа, хьалха санна ниййат деш, дийр ду делкъа ламазал тІаьхьара шолгІа ши ракаІат суннат ламаз а.

– Малхбуза ламазал хьалхара шишша ракаІатца деш шиъ суннат ламаз ду. Малхбуза ламазал хьалхара суннат ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, малхбуза ламазал хьалхара ши ракаІат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дІадерзор ду хьалхара суннат ламаз. Цул тІаьхьа, хьалха санна, ниййат деш, дийр ду малхбуза ламазал хьалхара шолгІа ши ракаІат суннат ламаз а.

– МаьркІажа ламазал тІаьхьа деш ши ракаІат сун-

нат ламаз ду. Иза иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, маьркIажа ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду и суннат ламаз.

– Пхьуьйра ламазал тIаьхьа деш ши ракаIат суннат ламаз ду.

Пхьуьйра ламазал тIаьхьара суннат ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, пхьуьйра ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду и суннат ламаз.

Цул тIаьхьа витр суннат ламазаш ду. Кхо ракаIат дина а, витр ламаз дар суннат ду. Хьалха ши ракаIат дина, салам делла ламаз дIа а дерзийна, юха цхьа ракаIат дийр ду.

Витр ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, ши ракаIат витр суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла а, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду шина ракаIатан витр ламаз. Цул тIаьхьа – цхьа ракаIат долу витр ламаз иштта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, цхьа ракаIат витр суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Цхьа Бисмилла, цхьаъ Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду цхьа ракаIатан витр суннат ламаз.

## Мархин бутт кхабар

Везчу АллахIа Мухьаммад-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) умматах къинхетам барца, иза кхечу умматех къастош байитина бу мархин бутт – Рамадан. Делан Элчано (Делера салам-маршал-

ла хуьлийла цунна) шен асхьабашка (Дела реза хуьлийла царна) олуш хилла: **«ТIекхечи беркате, Дала марха кхаба омра дина болу, Рамадан бутт. ХIокху баттахь стигланийн неIарш дIайоьллу Дала, жоьжахатин неIарш дIакъовлу, шайтIанашна буржалш тоху. Рамадан баттахь йогIу эзар баттал еза, беркате буьйса, оцу буьйсанан мелах ваьлларг боккхачу мелах ваьлла».** *Ахьмад, Насаи.*

ШариIатехь болу марха кхабаран кхетам – бусалба стаг ша Делан дуьхьа динчу ниййатца, Iуьйра ламаз хан тIехIоьттича дуьйна, маьркIажа хан хиллалц, массо марха дохочу хIуманах (яарх, маларх, зудчуьнца цхьаьна Iерах …) вухакхетар ду. Мархин бутт кхабар массо бусалба стагана фарз дина АллахIа.

## Марха кхабаран хьикмат, цунах болу пайда

Мархин бутт кхабарехь вайна гуш болу пайданаш хьахор бу вай:

1. Марха кхабаро адаман Делаца йолу юкъаметтиг чIагIйо, шен дегIан лаамаш бухатуху цо, Делан дуьхьа, шен марха ца дохорхьама. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Адамо еш йолу массо а Iамал цунна ю, марха доцург, баккъалла иза Суна ду, Ас цунна дуьхьал бекхам бийр бу».** *Бухари, Муслим.*

2. Мархин бутт Дала базбина бу. Оцу баттахь диссийна Таврат, Инжийл, Сийлахь Къуръан а. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«ИбрахIиме жайнаш Рамадан беттан**

**хьалхарчу буса диссийна, Таврат – Рамадан беттан йолхалгІачу дийнахь доссийна, Инжийл – кхойтталгІачу дийнахь, Къуръан – Рамадан беттан ткъе доьалгІачу дийнахь».** *Ахьмад.*

Мархин беттан хьалхара итт де Дала Шен лех къинхетам беш догІу денош ду, цуьнан юккъера денош Дала Шен лешна гечдар дохьуш догІу, ткъа мархин беттан тІаьххьара кхоалгІа дакъа марха кхобурш жоьжахатин Іазапах хьалхабохуш догІу.

АллахІна лаьа оцу безчу баттахь Шен леш Іибадатехь совбуьйлийла, царна мел алсам хилийтархьама. Мархин баттахь йогІу, шех Лайлатуль-Къодр олу буьйса. Далла гергахь еза ю шена чохь дуьххьара Къуръан доссийна йолу и буьйса. Везчу АллахІа боху Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Лайлатуль-Къодр буьйса** (оцу чохь йина Іамал) **дика ю эзар баттал».** *«Аль-Къодр», 3.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш марханаш кхаьбначунна гечдийр ду цуьнан дІадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

3. Адамийн юкъараллехь собар, оьздангалла, гІонакъосталла, дика мел долу гІиллакххаш кхиор. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Марха кхабар жоьжахатих** (Іесаллех) **ларвалар ду. Марха кхобучо оьзда доцу къамелаш ма дойла, мохь ма хьоькхийла, цхьамма шена вуон**

**дош алахь я дов хьедахь, цо олийла собарца: «Баккъалла, марха ду-кх сан».** *Бухари.*

4. Марха кхабар могашаллина пайде ду. Марха кхабарца дарба хуьлуш йолу дуккха цамгарш гучуяьхна лоьраша. Царах ю цхьайолу цIийлеларан цамгарш, энаш, чуьйрийн цамгарш…

## Марха къобал хиларан бехкамаш:

1. Бусалба хилар.

2. Пхийттара ваьлла волуш, хьекъалехь хилар. Пхийттара валаза волчунна тIехь фарз дац марханаш кхабар, делахь а, цуьнан дас-нанас кхабийта деза цуьнга марханаш ворхI шо кхаьчча дуьйна, нагахь санна цуьнан уьш кхаба ницкъ кхачахь. Итт шо кхаьчначул тIаьхьа цо ца кхабахь дов дан а, меллаша тоха а мегар ду цунна.

3. Марха кхаба ца магош долчу бахьанех, йа марха даста магош долчу бахьанех цIена хилар.

## Дагардийр ду вай марха кхаба ца магош долу бахьанаш:

а) Зудчунна хIора баттахь догIу цIий, берах паргIатъяьлча догIу цIий гучудалар.

б) Iуьйранна сарралц йолчу ханна кхетамах валар я жинийн хьу хьакхаялар. Ткъа нагахь санна цу дийнан цхьайолчу юкъана веана а юха кхетамчу вагIахь, яахIума ца юуш марха дIакхабар важиб хуьлу цунна.

Адамана тIех ницкъ беш болу мохь дIабахьар Дала

тӀедожош дац. Цуьнца доьзна шариӀато магийна бехказлонаш, дайдарш ду, Ӏибадат дарехь адамна аьтто бан. **Марха даста магош долу бахьанаш:**

а) Мархано цамгар чӀагӀйийр елахь, лазар-сингаттам совбоккхур белахь. Нагахь санна марха кхабаро лазар совдаьккхина, хӀаллакьхиларна кхерам белахь, и марха дохор важиб хуьлу.

б) Гена, 83 километрал бехачу, новкъа волуш велахь. Новкъаваларан Ӏалашо шариӀатца йогӀуш хила еза, марха лацале новкъаваьлла хила веза. Марха лаьцна волуш новкъаваьллехь, и марха дохо мегар дац. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цомгуш волчо, некъахочо а марханаш кхечу деношкахь кхобийла».** *«Аль-Бакъарат», 185.*

в) Марха кхаба ницкъ ца кхачар. Къаналлина я гӀоли хиларх догдилларца долу (хронически) цамгар бахьанехь ницкъ ца тоьучунна, марха кхабар важиб дац. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Марха кхаба ницкъ боцчо, бекхамна миска нах бузабойла».** *«Аль-Бакъарат», 184.*

Ӏеламнаха аьлла, кхабалучо некъахь хилча а марха кхабар гӀоли ду, хало хуьлучо ца кхабар гӀоли ду.

## Мархин арканаш

Арканаш дукхаллин терахьехь долу дош ду, цхьаллин терахьехь царах рукна олу. Ӏарбийн маттера гочдича, иза хуьлу хӀума латтаран бӀогӀам, хӀуманна тӀетовжар, гӀортор бохург. Рукна кхочуш ца хилча, Ӏибадат къобал ца хуьлу. Масала, бисмилла дешар ламазан арканех цхьа рукна ю, и ца дешахь, ламаз хир дац.

Мархин бутт кхабаран ши рукна ю:

1) Марха кхаба нийийат дар.

2) Iуьйра ламазан хан хиллачул тIаьхьа маьркIажа хан хиллалц массо марха дохочу хIуманах ларвалар.

И ду, оцу шина рукнех цхьаъ я ший а кхочуш ца хилахь, марха духу бохург. Нийийатах лаьцна жимма дуьйцур ду вай. Нийийат дар дагца хила деза, маттаца аларх тоьуш дац. Маттаца нийийат дар – и нийса хиларан бехкам бац, амма суннат ду. Мархин баттахь нийийат дарехь терго ян дезаш хIара хIуманаш ду:

– хIора марха кхабаран нийийат хьалхарчу буса, Iуьйра ламазан хан хилале, дан дезаш ду. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Буса, Iуьйра ламазан хан хилале, марха кхаба нийийат ца динчун марха хир дац».** *Тирмизи.*

– кхаба нийийат долу марха билгалдаккхар. Нийийат иштта дича мегар ду: «Ас нийийат ди, хIокху шеран рамадан беттан фарз марха Делан дуьхьа кхана кхаба», – аьлла.

– нийийат хIора буса, марха лоцуш, дар. Мархин бутт кхаба нийийат дарх тоьуш дац, хIунда аьлча мархин бутт кхабар цхьа Iибадат хилла ца Iа, тIаьхьехьалхе масийтта Iибадат ду, хIора денна кхочушдеш долуш. Цундела хIора Iибадатна шен-шен нийийат дан деза.

Ткъа суннат марханаш кхобучо буса нийийат дар, кхобуш дерг муьлха марха ду аьлла билгалдаккхар тIедиллина дац. Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана дийцнахь Пайхамар (Делера салам-

маршалла хуьлийла цунна) веара ша йолчу, цо шега хаьттира, аьлла: **«Яа хIумма юй вайгахь?»** Аса элира: **«Яц».** Цуо элира: **«ТIаккха ас марха кхобур дукх».** *Муслим.*

## Марха кхабарца долу гIиллакхаш

Марха кхабарца доьзна долу гIиллакхаш билгалдохур ду вай. Царна юкъадогIу:

– **малх чу ма-буьззи марха дастарца сихо яр.** СахIлан кIанта СаIда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дика хьоьгучуьра совцур ма бац нах, суьйрана марха дастарехь цара сихо мел йо».** *Бухари, Муслим.*

**– Хурманца марха дастар.** Хурма яцахь хица дастар дика ду. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ша ламаз дале хьалха марха достура тIедачу хурманашца, тIеданаш ца хилча йекъачаьрца достура, уьш а ца хилча хин къурд бой а достура цо».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхин а аьлла: **«Шух цхьаъ марха достуш хилахь, хурманца достийла цо иза, ткъа шена иза ца кара йахь хица достийла, бакъдолуш иза цIена ду».** *Тирмизи, Абу Давуд, Насаи, Ибн МажахI.*

– **Iуьйкъанна хIума яар.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Iуьйкъанна хIума яа аш, баккъалла а, цуьнца шуна беркат ду».** *Бухари, Муслим.*

–**IуьйкъаннахIумаюушIермеллатIаьхьататтар**. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Сан уммат дика хьоьгучуьра соцур дац, суьйранна марха даста сих мел ло, Iуьйкъана хIума кхаллар тIаьхьа мел тотту».** *Ахьмад.*

– **Iуьйкъанна юуш, молуш а ерг Iуьйра ламазан хан хилале сацаяр.** Сабитан кIанта Зайда (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Оха Iуьйкъе йира Делан Элчанца** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**, тIаккха хьала а гIевттина ламаз дира оха».** Зайде хаьттира тIаккха: **«Мел хан йара Iуьйкъенна а, ламазна а юкъахь?»** Цо жоп делира: **«Шовзткъе-итт айат дешшал».** *Бухари, Муслим.*

– **оьзда мел доцу хIума** (гIийбаташ дар, аьшпаш боттар, нехан зударшка бIаьрг беттар, эшаршка ладегIар…) **дитар**. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Харц дерг дийцар, цуьнца Iамал яр а Iад ца дуьтуш волчо даар а, малар а Iаддитар оьшуш вац АллахI».** *Бухари.*

Вай лакхахь хьахийначу хIуманаша марха доха ца дахь а, цуьнан мела иэшабо. Оцу кхачамбацарех мархин баттахь ларвелла ца Iаш, цул тIаьхьа йогIучу заманахь ларлуш дIаваха веза бусалба стаг.

– **лийчар тIедоьжнехь, Iуьйра ламазна молла кхайкхале лийчар**.

Лийчар тIедожаро марха лацарна дуьхьало ца йо. Делахь а, цIена волуш марха лацар дикох ду.

– **ДегIах цIий даккхар дитар.** Цо марха кхобучун ницкъ иэшабо.

– **суьйранна марха достуш**: **«Аллóхӏумма лака сумту, ва Ӏалá ризкъика афтӏорту, захӏабаз-зомау, вабталлатиль-Ӏурýкъу, ва сабатал ажру ин шá Аллóхӏу** (Я АллахӀ, Хьан дуьхьа кхеби аса хӀара марха, Ахьа деллачу рицкъанца достуш ду. Хьогалла дӀаели, пхенаш тӀундели, Дала мукъалахь, мела хили)**»,** – алар.

– **марха кхобучарна марха достуш хӀума яор, и яо аьтто бацахь, хурма елла я хи малийтина марха дастийтар**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Марха долчунна марха достуш хӀума яийначунна, и марха кхаьбначунна санна мела хир бу, кхаьбначун мелах иэшам ца хуьлуш».** *Тирмизи.*

– **сагӀадалар совдаккхар, Къуръан дешар, Ӏамор, Рамадан беттан тӀаьххьарчу итт буьйсанна маьждигехь иӀтикаф дар** (цӀа ца воьдуш, Ӏибадат деш сацар). Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьаммо хаьттира, аьлла: **«ХӀай Делан Элча, уггаре деза сагӀа муьлха ду?»** Цо жоп делира: **«Рамадан баттахь делларг ду»**, – аьлла. *Тирмизи.*

Марха кхабарехь карахӀат дерг (нежелательное) – массо мархин гӀиллакхашца ца догӀу хӀуманаш ду. Цхьадолу карахӀаташ (масала, суьйранна марха дастар тӀаьхьатеттар, Ӏуьйкъанна юург хьалхе яар) шайна гена мел хуьлу мархин ял алсам хир ерш ду. Кхидерш – хьарам хӀуманашна юкъадогӀу, масала: харц тоьшаллаш дар, пуьташ боттар, гӀийбат дар, эладитанаш дийцар, оьзда доцу къамелаш дар.

## Марха дохаран бахьанаш

Лахахь дагардинчу бахьанашца доьзна хуьлу марха дохар:

1) ХIума яар, малар (вицвелла, мел дукха йиънехь, марха духуш дац). Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьамма вицвелла хIума йиъча я хи мелча, цо шен марха кхочуш дойла, баккъалла а, цунна яийнарг а, малийнарг а АллахI ву».** *Бухари, Муслим.*

2) БIаьрго лоцуш йолу хIума дегIана чуяхар (коьрта чу, адаман бехкечу шина меттигехула, логал чоьхьа). Лерга чу хи дахаро, клизма яро а марха дохадо, амма бIаьрга чу хи дахаро, пхенах маха тохаро ца дохадо. Логах чоьхьа чуьрк я моза иккхича, чан яхча, туй логал чоьхьа даьлча, марха ца духу, цунах ларвала чIогIа хала долу дела. Амма багахь гулделла боьха туй, масала, доьлех цIий Iийдалуш долуш, бага кхаьрзина хи доцуш, цуьнан туй кIайделлехь, марха духуш ду. Ламаз оьцучу хенахь бага, мерчу хи кхорзучохь хи кийра эккхаро марха ца дохадо, нагахь санна ша и болх барехь кIорге ца гIиртинехь йа доьазлагIа кхорзуш ца хиллехь. Амма хи кхарзарехь соввийлар бахьанехь йа доьазлагIа кхорзуш хи логал чоьхьа эккхахь, марха духур ду, хIунда аьлча, вай лакхахь ма-аллара, бага, мер чу хи кхарзарна кIорге гIертар дихкина ду марха долчунна.

Цергаш юкъахь дисина цуьрг (къасто хала хиларна туйнах къасталур доцуш), и даар Iалашо йоцуш, туйнаца кийра додахь, марха ца духу. Амма багахь хаалуш доккха цуьрг долуш, и даахь, марха духуш ду.

Вай лакхахь дийцинарг марха дуй а хууш лаамехь хилларг ду, амма нагахь санна марха хилар диц а делла царах муьлхха а нисделлехь, марха духуш дац.

3) Шен лаамехь Іетторо марха дохадо, багахь йиснарг юха кийра ца кхаьчнехь а. Амма, лаамза Іеттийначун марха дохац, багахь йиснарг юха кийра иккхинехь а.

4) Багахь марха долуш лийчар тІедужучу кепара зудчух кхетаро марха дохадо, бехке меттера тІуно ца яьллехь а. Амма гІан-набарехь тІуно яьллехь, ца духу марха.

5) Куьйган гІоьнца я барташ бохуш хьакхаваларца бехкен меттара тІуно яккхаро марха дохадо. Амма шен лаамза нисделлехь, марха ца духу.

6) ХІора баттахь зудчунна догІу цІий даро я доьзалхочух паргІатъяьлла, цІанонан цІий даро марха дохадо.

7) Хьекъалх тилар, хьеравалар, Исламах юхакхетар.

## Мархин сахь даккхар

Мархин сахь – Іарбийн маттахь закатуль-ФитІр олу цунах – хІора бусалба стага, тІаьххьара марха чекхдаьллачу суьйрана, ша напха латто декхар волчу охІланна тІера бала билгалбина барам бу. ХІора жима, воккха, стен, боьрша волчу бусалба стагана тІера мархин сахь даккхар важиб ду. Бухарис далийначу хьадисехь ду, Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **важиб дира, лай я маьрша, боьрша я стен, жима я воккха волчу хІора бусалба стагана тІера хурманашца я мекхаца** (ячмень) **мар-**

**хин сахь даккхар. Цо омра дира, нах Іийдан ламазе бахале хьалха и даккха аьлла».**

## Мархин сахь важиб деш болу бехкамаш

1) Бусалба хилар.

2) Мархин беттан тІаьххьарчу дийнахь малх чубузар.

3) Мархин Іийдан деношкахь шена, шен охІланна а оьшучу напханал совдаьлла даьхни хилар.

## Мархин сахь даккхар хьанна тІехь ду?

Лакхахь хьахийна бехкамаш кхочушхилла болчунна тІехь ду, ша напха латто декхар волчу охІланна тІера мархин сахь даккхар. Дукхахьолахь, иза хІусамда хуьлу. Шен доьзал схьагулбина, дуьххьара шена тІера доккхуш, мархин сахь даккха волалур ву иза. Шена тІера мархин сахь доккхуш волчо иштта эр ду: **«Ас ниййат ди, сайна тІера фарз мархин сахь даккха, Делан дуьхьа».** Цул тІаьхьа, ша напха латто декхар болчарна тІера дохур ду цуо мархин сахьаш. Оцу тІехь хІара рагІ ларъяр дикох лерина: хьалха ша, шен хІусамнана, пхийттара валанза волу доьзалхо (цхьаъ я массийтта велахь а), шен да, нана, шена напха даккха ницкъ ца кхочуш волу воккха доьзалхо. Пхийттара ваьллачу доьзалхочуьн тІера сахь доккхуш пурба даккха деза: **«Хьайна тІера фарз мархин сахь даккха суна пурба делин ахь?»** Цо эр ду: **«Пурба дели».** Сахь доккхуш волчо эр ду: **«Ас къобал ди. Ас ниййат ди, Хьанехан** (шена тІера мархин сахь доккхуш волчун цІе йоккхур ю) **тІера фарз мархин сахь даккха, Делан дуьхьа».**

## Мархин сахь доккху хан

Мархин сахь даккхар важиб йолу хан тӀаьххьара марха чекхдаьлла суьйре ю. Делахь а, мархин сахь даккха магийна ду мархин баттахь муьлххачу хенахь, марха дастаран хьалхарчу Ӏийдан дийнахь а.

Суннатехь дерг, мархин сахь Ӏийда ламаз дале даккхар ду. Бухарис далийначу хьадисехь деана, Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **омра дира нахе, мархин сахь Ӏийдан ламаз дале даккха аьлла».**

## Мархин сахьана доккхуш дерг

Мархин сахь даккха магийнарг – махкахь кхачанна дукха лелош дерг ду: кӀа, мукх, дуга, хьаьжкӀа… Цуьнан барам – 2 кийла 400 грамм. ШафиӀин (Дала къинхетам бойла цунах) мазхӀабехь, ялтанан метта цуьнан мах бала мегаш дац. Амма оцу мархин сахь даккхарехь, Хьанафин (Дала къинхетам бойла цунах) мазхӀабна тӀе а тевжина, ялтанан метта цуьнан мах бала мегар ду. Лулара дӀаволавелла, куьпахь болчу гӀийла-мискачарна дӀадоькъур ду мархин сахьаш, хье ца луш. Мархин сахь даккхар Ӏийда де чекхдаллалц дӀатеттинчух къа леташ ду, и доькхуш даккха дезаш ву иза.

## Закат далар

Закат Ӏарбин дош ду, цуьнан масийтта маьӀна ду, масала, совдалар, кхиар. Ялта кхуьу я йохк-эцаран

пайда совболу боху маьІна догІу закат дешан. Цунах закат аьлла, догІмаш (синош) цІандеш а, даьхни дебош а иза хиларна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Церан даьхни тІера сагІа** (закат) **схьаэца ахь, цо уьш** (къинойх) **цІанбеш**, **уьш** (ийманехь, беркатехь а) **кхиабеш».** *«Ат-Тавбат», 103.*

ШариІатехь болу закатан кхетам бовзуьйтур бу вай. Закат, шарІо хІиттийна бехкамаш шеца болчу бусалба стага шарІо билгалбинчу бахамна тІера дала деза билгалдина дакъа ду. Цунах закат аларан бахьана и закат кхочуш волчу мискачу стага закат доккхуш волчунна доІа дарца шена тІера закат делла даьхни беркатца совдалар ду. Цул сов закат даккхаро дисина даьхни шеконех цІандо, шена тІехь долу хьакъ дІадалар хуьлу цунах, къечу мискачу нахе шайн хьакъ дІакхочу.

Закат - Дала фарз дина деза Іибадат ду. Цуьнан дозалла гойтуш, АллахІа Сийлахьчу Къуръанехь ткъе шийтта меттехь омра дина вайга, и даккха аьлла. Цул сов, масийттанхьа ламазций цхьаьна а деана закат даларан омра. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ламаз де, закат даккха»**. *«Аль-Бакъарат», 43.*

## Закатан хьикмат, пайда

Закатан дозалла, цунах болу пайданаш дуккха бу, уьш берриге хьахо меттиг хир яц хІокху жайнахь. Закатан хьикматех, пайданех цхьаберш хьахор бу вай.

– Закатан Іалашонех ду стаг комаьрша хила Іамор, цуьнца йолу бІаьрмецигалла дІаяккхар. Адамна хаа

деза, закат даларо даьхни эвсаре дой, цунна иэшам бечул сов. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«СагIа даларо даьхни эшийна дац…»** *Муслим.*

СагIадалар бахьанехь АллахIа дисинчу даьхних беркат до цунна, тIедогIу зен-зулам юхатохарца, шен даьхних ирс эца, и совдаккха аьтто барца. Делан омра кхочушдар бахьанехь, дуьненахь, эхартахь декъала ву иза, Дала мукъалахь.

– Закат даларо адамашна юкъахь марзо, накъосталла кхиадо, вовшашца йолу хьагI-гамо дIайоккху.

– Юкъараллехь бехачу мискачу нехан уггар цатоьруш долу хьашташ кхочушдан аьтто бо.

Закат фарз хиларна инкарло йинарг керсталли чу вужу, тоба дина дохко ца валахь. Амма и фарз хиларна къера волуш, шен бIаьрмецигаллина закат луш воцург, песикъ ву, цо доккха къа латош ду.

## Закат далар хьанна тIехь ду?

Закат далар тIехь ду хIара бехкамаш шеца болчунна:

1) Бусалба хилар;

2) ШариIатехь шена тIера закат догIучу барамехь долчу даьхнин да хилар;

3) Оцу барамехь долу даьхни долахь долуш шо хан зама ялар (бусалба рузманца).

## Шена тIера закат далар важиб долу даьхни

1) Массо тайпана долу ахчанаш; деши, дети, кехатан ахча (сом, доллар, евро…)

2) Йохк-эцар лелоран парталш (товараш); цо чулоцу йохк-эцар лелош болчара шеца са яккха кечйина йолу массо хIума (товар), церан тайпанаш, дакъош тайп-тайпана делахь а. Закат далар тIедужу, церан мах закат даларан бараме кхаьчнехь, шо а даьллехь.

3) Дажош долу даьхни; цо чулоцу – эмкалш, бежанаш, гомашаш, уьстагIий, гезарий.

4) Ялта (кIа, мукх…); стом (хурманаш, кемсаш а).

5) Пайде маьIда (полезное ископаемое), хазна (клад).

Даьхни тIера закат далар важиб (декхар) хилар ялх хIуманна тIедоьгIна ду:

1) бусалба хилар ду;

2) стаг (ша лай воцуш) маьрша хилар ду (свободный от рабства);

3) закат шена тIера луш йолу хIума кхоччуш шен долахь хилар ду;

4) шена тIера закат догIучу барамехь даьхни хилар ду;

5) даьхни шен долахь долу шо кхачар ду;

6) закат шена тIера луш долу даьхни дажош хилар ду.

Дешина тIера закат ца догIу, 85 грамм бараме и кхаччалц. Деши оцу бараме кхаьчнехь, оцу барамал охьа ца долуш цхьа шо хан а яьллехь – цунна тIера 2,5 % закатна дала деза.

Детина тIера закат ца догIу, 672 грамм бараме иза

кхаччалц. Дети оцу бараме кхаьчнехь, оцу барамал охьа ца долуш цхьа шо хан а яьллехь – цунна тIера 2,5 % закатна дала деза.

Дешин а, детин а болчу закатан барамашна юккъехь йоккха башхалла го вайна. Бакъдерг аьлча, и башхалла хIоьттина ю заманаш хийцаяларе, дешин а, детин а мехаш хийцабаларе хьаьжжина. Цаьршингахь коьрта лоруш дерг – 672 грамм мах ахчанца дуьстича, 85 грамм дешин мехаца дIанисдалар ду. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь шарIо закат далар билгалдинчу хенахь иштта хилла иза.

ХIокху заманахь болчу наха дешин а, детин а ахча леладар кIезиг ду. Цуьнан меттана цара юкъадаьккхина кехатан ахча, дешин я детин а доцуш кхечу эчиган ахча (монеташ) – никелах, цIестанах дерш санна, иштта кхечу пачхьалкхан ахчанаш (фунташ, долларш, евро). Царах муьлхха дакъа схьалаьцча а, церан закатан барам лорур бу дешин закатан барамца, царна тIера закат дIалур ду, дешина тIера закат дIадаларх терра. Муьлхха а пачхьалкхо ша арахецначу ахчанан барame хьаьжжина банке охьаюьллуш ю дешин тIаьхьало (золотой запас). Цундела дешин я детин ахчанна тIера санна, шен доларчу кхидолчу ахчанна тIера (сом, доллар, евро, фунт, и санна дерш) закат дала деза, нагахь санна 85 грамм деши эцалуш барамехь и ахча далахь. Масала, цхьа грамм дешин мах 2 000 сом (рублей) хилча, шена тIера закат догIуш болу шарIо билгалбина барам (85 грамм) – 170 000 сом хуьлу, цуьнан 2,5 % – 4 250 сом хуьлу.

Пайде маьIданна тIера закат даларан барам – дешин а, детин а берриг бу: иза 85 грамм деши я 672

грамм дети хилар ду. Оцу пайде маьIданна тIера, деши делахь я дети делахь а, шена кара ма-йиннехь (шо кхаччалц ца Iаш) сихха 2,5 % закатна дала деза.

Хазнина тIера закат даларан барам дешин а, детин а берриг бу. Хазнина тIера закат сихха, и хазна шена кара ма-йиннехь дIадала дезаш ду (шо кхаччалц ца Iаш). Хазнин 20 % (пхоьалгIа дакъа) закатна дIаяла еза.

Йохк-эцаран парталшна тIера закат далар важиб ду, нагахь шо чекхдолуш цуьнан мах дешица буьстича закатан бараме кхаьчнехь. Шеран юккъехь церан мах закатан барамал эшар я парталш хийцар а тидаме лоцур дац. Закат дIалур ду дерриг даьхни тIера, цо чулоцу: даьхнин корта (капитал), тIеяьлла са а (прибыль). Закат дIалучу хенахь парталан (товаран) болу мехаш лорур бу, и оьцучу хенахь белла мах ца лоруш. Шен мах хадийна йолчу парталшна (товар) тIера цуьнан мах закатна балар важиб ду, парталех йолу хIума (кIади, мачаш, шекар, бепиг, и саннарш) закатна яларо кхачам бийр бац.

Ялтина а, стоьмашна а тIера закат ца догIу, закатан бараме уьш кхаьчна дацахь – 720 кийла. Дерриг ялта а, стоьмаш а, татолан хи дилларца я деанчу догIанца кхиъна делахь, царна тIера уьтталгIа дакъа (10 %) закатна дала деза. Хиш дохкуш болчу гIирсашца (моторца) хи дуьллуш хиллехь, я, гIу чуьра хи хьаладоккхуш хиш дохкуш хиллехь, уьтталгIачу декъан ах (5 %) закатна лур ю, цуьнгахь (догIанца я татолан хица хиш дахкарал а) харжъяр алсам долу дела.

## ХьаьжцIа вахар

Дала тIедиллинчу дезчу фарзех ду хьаж дар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, нахана** (Iибадат дан) **уггаре хьалха доьгIна цIа Баккахь** (Маккахь) **дерг ду, Iаламашна беркате долуш, нийса некъ а болуш. Оцу цIийнаца ю бакъйолу билгалонаш, царех цхьаъ – ИбрахIим лаьттина меттиг а ю. Макки чу кхаьчнарг маьрша ву массо зуламах. Нахана тIехь важиб ду АллахIан дуьхьа ХьаьжцIа бахар, цига новкъа дIасабаха ницкъ кхачахь** (некъ маьрша белахь, могашалла а елахь, шена а, цIахь буьсучу шен доьзална а тоам беш кхача а белахь)**».** *«Алу Iимран», 96-97.*

## Хьаждар хьанна тIехь ду?

Хьаждар хIара бехкамаш шеца болчунна тIехь ду:

1) Бусалба хилар.

2) Хьекъалехь хилар.

3) Пхийттара валар.

4) Маьрша хилар (лена тIехь дац хьаж дехкар).

5) Некъ маьрша хилар.

6) Цига ваха аьтто хилар.

## **Хьаждаран арканаш** (меженаш)

Хьаждаран арканаш 5 ю, шайх цхьаъ йитча, хьаж кхочуш ца хуьлуш.

Лахахь ягарйиир ю вай уьш:

1) Дехкаран ниййат.

2) Іарафатехь сацар.

3) Фарз тІаваф дар (Маккарчу КаІбатан гуонаш бахар).

4) СаІйу дар (Софа, Марват а олучу шина ломана юкъахь дІасавахар).

5) Божарша корта башар я бацбар, зударша – бацбар.

6) Дукхах йолчу рукнашкахь рогІалла ларъяр.

## **Цуьнан важибаш** (декхарш)

1) Дехкаран ниййат микъатера хилар.

2) Муздалифатехь буьйса яккхар.

3) ГІурбанан деношкахь тІулгаш кхиссар.

4) Минахь буьйсанаш яхар.

5) Хьаьж дихкинчу хенахь хьарам динчу хІуманах ларвалар.

6) Іодикаяран тІаваф дар.

Хьаждаран важибаш шена тІехь долчо царах цхьа важиб дитча, цунах гІуда хьаьрча. Иза дІатакххархьама, Маккахь уьстагІ а бийна, и берриге (шена хІумма ца юьтуш) цигарчу мискачу нахана дІабекъа беза цуо.

## Ийманах кхетам

Ийман – иза Делах тешар ду, маттаца мукъарло деш, дагца бакъ деш, меженашца Іамал а еш. Ийма-

нан ялх рукна ю, царах муьлххачунна инкарло йинарг керсталли чу вужу.

Іумар бин ХаттІабера (Дела реза хуьлийла цунна) деанчу хьадисехь йийцина ю ийманан арканаш. Жабраил-малико Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), ийман хІун ду аьлла, хаьттича, цуо жоп делира: **«Ийман – иза:**

**1) АллахІах тешар;**

**2) Цуьнан маликех тешар;**

**3) Цуьнан жайнех тешар;**

**4) Цуьнан пайхамарех тешар;**

**5) Къематдийнах тешар;**

**6) Цуьнан кхиэлах** (хила яздинчух) **тешар, диканиг, вуониг Делан пурбанца ду, аьлла».** *Муслим.*

## Сийлахьчу АллахІах тешар – ийманан хьалхара рукна ю

Вайна гуш долу Іалам: стигланаш, латта, царна тІехь мел долу садолу, доцу а хІума кхоьллинарг АллахІ ву. Воккха ву Иза, массо хІума гуш, хезаш, хууш ву. Хилларг хаьа, хиндерг хаьа Цунна. Даима хилла ву, хир волуш ву, Цунах тера цхьа хІума дац, цхьаммо кхоьллина вац и, я цхьа доьзалхо вац цуьнан. Шена кхочушдан лиъларг хилла карадойтуш ву Иза.

Ийман долу стаг тешна хила везаш ву, Іаламаш кхоьллина, кхиош верг АллахІ хиларх. Нахана рицкъа луш верг, доьзал луш верг АллахІ ву, адамаша бахьанаш леладо, ткъа лелаш ерг АллахІан кхиэл ю. Дика,

вуон Делера ду. Адамана хуьлуш долу дика, Делан къинхетамца хуьлуш ду, ткъа вуон – оцу адамо йинчу Іесаллина Дала беш бекхам бу.

Иштта тешна хила везаш ву бусалба стаг, шена Іибадат дан хьакъ волуш цхьа АллахI бен цахиларх. Іибадат – кхоччуш болчу безамца кхоччуш муьтІахь хилар ду, аьлла Іеламнаха. Делаца накъост лацар даккхийчу къинойх цхьа къа ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла, АллахІа геч ца до Шеца накъост лацар, Цо геч до и доцург, Шена луучунна. Делаца накъост лоцучо доккха къа латийна».** *«Ан-Нисаъ», 48.*

Кхин а тешна хила везаш ву, и АллахI массо дика, хаза сифаташ кхоччуш Шеца долуш хиларх (Къинхетаме, Собаре, Сийлахь…). АллахІан сифаташ довзуьйтуш 99 цІе ю Цуьнан. Царах тешар тІехь ду хІора бусалба стагана.

## Ийманан шолгІа рукна – Делан маликех тешар ю

Цхьа шеко йоцуш, маликаш Веза-Сийлахьчу Делан лайш ду, Далла Іибадат деш, бІаьрганегІар тухучу ханна а Далла Іеса ца хуьлуш. Уьш нуьрах кхоьллина ду, шаьш дууш доцуш, молуш доцуш, уьш лийр ду, гІовттор а ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахІах, Цуьнан маликех, Цуьнан жайнех, Цуьнан элчанех, къематдийнах а цатешарг доккхачу тилар чохь ву».** *«Ан-Нисаъ», 136.*

## Ийманан кхоалгІа рукна – Делан жайнех тешар ю

Веза-Сийлахьчу Дала пайхамаршка (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) жайнаш диссийна.

Оцу жайнех коьртаниш хIорш ду: Муса-пайхамаре доссийна Таврат (Тора), Iийса-пайхамаре доссийна Инжийл (Евангелие), Давуд-пайхамаре доссийна Забур (Псалтырь), Мухьаммад-пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла царна массарна а) доссийна Къуръан. И жайнаш доцурш, кхечу пайхамаршка диссийна кхидолу, хьахийна доцу жайнаш. И массо жайнаш Делера хиларна тешна хила везаш ву бусалба стаг. Ткъа Сийлахьчу Къуръанна тIаьхьаваза везаш ву, иза Дала тIаьххьара ваийтинчу Пайхамаре – Мухьаммаде (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) – доссийна жайна хиларна.

## Ийманан йоьалгIа рукна – Делан пайхамарех тешар ю

Веза-Сийлахьчу Дала нах нийсачу некъа бохуш, царна пайхамарш, элчанаш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) бахкийтина. Уггар хьалхара пайхамар – Адам ву, тIаьххьара пайхамар – Мухьаммад ву (Делера салам-маршалла хуьлийла царна). Пайхамарш нахана дуккха бахкийтина Веза-Сийлахьчу Дала, цхьаберш вайга бийцина бу, кхиберш хьахийна бац. Сийлахьчу Къуръанехь 25 пайхамар ву, цIе йоккхуш, хьахийна, царах уггар вазвина 5 ву: Нухь, ИбрахIим, Муса, Iийса, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла царна). И берриге пайхамарш бакъбар декхар ду массо бусалба стеган. Ткъа Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) массо нахана, массо заманна тIаьххьара ваийтина пайхамар хиларна, цо бохучунна тIаьхьадаза дезаш ду вай.

## Ийманан пхоьалгIа рукна – къематдийнах тешар ю

И бохург ду, веллачул тIаьхьа коша чохь малика-ша барт хоттуш хеттарш дийр хиларх тешар, кошахь цхьаболчара хьоьгур долчу Iазапах тешар, кхечара хьоьгур долчу ниIматах тешар. Цул тIаьхьа денбина нах махьшаран майдана дIагулбарх, Iамалийн теп-тарш дIаделларх, хьесап дийриг хиларх, мийзан тер-занах, хьавд-татолах, сиратI-тIайх, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шапаIатах, ялсаманих, жоьжахатих тешар ду.

## Ийманан йолхалгIа рукна – Делан кхиэлах (хила яздинчух) тешар ю

Дала хила яздинарг бохучун маьIна, АллахIехь долу хиндолчух лаьцна Iилма ду. Ша мел кхоьллинчу хIумано йогIучу хенахь дийр дерг, яханчу хенахь ди-нарг, хIинцца хуьлуш дерг хууш ву АллахI. Iаламаш кхоллале оцу Iаламашкахь хиндерг дIаяздан Дала къо-лам кхоьллина, цуьнга Шен Iилманца дIаяздайтина ду иза. АллахIан лаамца бен хIумма хир долуш дац цхьа-на меттехь. Массо дика, вуон Делан Iилманца, Делера хиларх тешна хила веза бусалба стаг.

## Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вовзийтар

Iалашо: Берашна Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ваийтаран Iалашо йовзийтар, цуьнан дахарх боцца хаам балар.

Адамаш динах хердала доьлча (Далла Іеса девлча), Дала уьш нисдан Шена дукхабезаш болу дика нах бохкуьйтуш хилла дуьнен чу. Делан дош, Цуьнан омранаш нахе дІакхайкхо, хьеха а Дала бахкийтинчу нахах пайхамарш олу. Уьш уггар дика, оьзда, ийманехь нах хилла. АллахІа лаьтта тІе дуккха пайхамарш бахкийтина. Царах уггар сийлахь 5 ву: Нухь-пайхамар,

ИбрахІим-пайхамар, Муса-пайхамар, Іийса-пайхамар, Мухьаммад-пайхамар а (Делера салам-маршалла хуьлийла царна). Вайна бусалба дин дохьуш ваийтина ву Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). ТІаьххьара ваийтина пайхамар ву иза, шел тІаьхьа кхин пайхамар хир воцуш. Хьалхара пайхамарш шайн-шайн къомана бахкийтина хиллехь а, вайн Пайхамар Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) массо къаьмнашна ваийтина ву. И ву вайна дин довзийтинарг, нийса некъ хьехнарг. Дала адамашна юккъехь уггар диканиг ву аьлла, билгалвина ву иза. Дерриг шен дахар нах иймане балорна, царна Дела вовзийтарна дІаделла цо. Массо стеган декхар ду цуьнан дахарх масал иэца, цуо де аьлларг дан а, ларло аьллачух ларвала а, хІунда аьлча динца доьзна долу хІума шеггара олуш ца хилла Мухьаммад-пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), Делан омранца олуш хилла. АллахІа омра дина вайга, Шена муьтІахь хила, Мухьаммад-пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) а муьтІахь хила, аьлла. Кхузахь дало мегар ду Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дахарх лаьцна долу доцца дийцар, масала, хІара:

## Вайн Пайхамаран
(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)
**сийлахь долу тайпа**

Иза Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву, IабдуллахIан кIант. IабдуллахIан да Iабдуль-МуттIалиб ву, цуьнан да ХIашим ву. Цуьнан тайпа кхочу вайн эла хилла волчу ИсмаIиле – ИбрахIиман кIанте, цаьршинна а, вайн Пайхамарна а Делера салам-маршалла хуьлийла. Цуьнан нана: Аминат ю, ВахIбан йоI.

## Дуьнен чу валар

Сийлахь волу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дуьнен чу велира «Пийл (слон)» олучу шарахь, хаза а, сийлахь а гIиллакхаш долчу, Iарбашна юкъахь уггаре сийлахь йолчу хIусамехь. И дара рабиIуль аввал беттан оршотан дийнахь (христианийн (рузманца) шоIарца – 571-чу шарахь). Иза дуьнен чу волучу хенахь схьаэцнарг – Iавфан кIентан Iабдуррохьманан нана Аш-Шифаъ ю.

## Вакхавар

Дуьххьара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вакхийнарг ю цуьнан нана Аминат, цо иза юьхьанца, цхьана деношкахь вакхийна, цул тIаьхьа и вакхийна цуьнан девешин Абу-ЛахIабан лай хилла йолчу Сувайбата.

Iарбийн Iадат дара шайн бераш аренга дIадуьгуьйтуш. Цигахь уьш дакха а дора, дика кхиа

а дора, ткъа аренгахь хилар – беран могашаллина а, хьекъална а, меттан говзалла кхиорна а дика дара. Бану саІд олу тайпа дара оцу махкахь, бераш дакхорехь, кхиорехь гІарадаьлла девзаш. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вакхийра, саІдийн тайпана ша хилла йолчу Хьалимата. Баккъалла а, и Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вакхо йолаелчхьана, Дала беркат дира Хьалиматна шен рицкъанах. Цунна и Іаламат чІогІа вийзира, вуно лерина лар а вора цо иза. Деа шарахь гергга Хьалимат йолчехь Іийра вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна).

## Кхиар

Вай Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхиира ша буобер долуш. Цуьнан да дІакхелхинера иза шен ненан кийрахь волуш. Аренгахь вакхош-кхиош волчуьра ша цІа валийначул тІаьхьа, шен ненан Іуьналлийца а, шен дедас Іабдуль-МуттІалиба доладарца а кхиира иза.

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йолхалгІачу шарчохь волуш, Делан кхиэл леларца, цуьнан нана а дІакхелхира, цул тІаьхьа дукха хан ялале (кІентан 8 шо долуш) деда Іабдуль-МуттІалиб а бакъ дуьнена вирзира. Оцу балхо массо агІор буобер дира цунах. ТІаккха цуьнан доладира девашас Абу ТІолиба. Девешина шен берел а чІогІа дукхавийзира иза, цуьнца долу хІуманаш: хаза куьцаш а, цуьнан хенара болчаьргахь карор доцу, цо – яарехь-маларехь, къамелехь, охьахаарехь-гІаттарехь лелош долу сийлахь гІиллакхаш бахьанехь.

## Болх

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара, ша шен куьйга даькъхина рицкъа дууш. Ша жима волчу хенахь, йолах Маккин охIланна жа дажийра цо. ТIаккха, иза воккха хиллачу хенахь, Хадижата шеца совдегаралла лело аравалар дийхира цуьнга. Иза дара, вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хастаме болу белхаш а, сийлахь долу гIиллакхаш а оцу Хадижатна хезначу хенахь. Кхечу божаршна луш долчул ша хьуна дукхох лур ма ду, аьлла, чIагIо йира цунна Хадижата. ТIаккха вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьахийра и гIуллакх шен девеше Абу ТIолибе, ткъа иза реза хилира кIанта и болх барехь.

Новкъа дIасавоьдучу хенахь, вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) накъост вара Хадижатан лай Майсарат. Хьалха цкъа а яьккхина йоцчу барамехь йоккха са а яьккхина, вухавеара и шиъ Хадижат йолчу.

## ХIусамнана ялор

Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен 25 шо кхаьчначу хенахь, евзаш а, хьекъале а, сийлахь а йолу Хувайлидан йоI Хадижат ялийра. Хадижатан 40 шо хилла оцу дийнахь. Йохкэцар лело иза шеца араваьллачу хенахь, Хадижата чIогIа тамаша бинера и бакълуьйш, тешаме хиларан а, цуьнан гIиллакхийн а. Хадижатца захало дийцира Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнан девашас Абу ТIолиба. ТIаккха Дала цунна Хадижатах доьзал белира: кIентий а, йоIарий а.

**Бераш** (доьзал)

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхI доьзалхо вара: кхо кIант, йиъ йоI.

КIентий:

1) Къасим. Мухьаммаде (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) пайхамаралла доссале хьалха дуьнен чу ваьлла иза, дIакхелхина шен ши шо долуш.

2) IабдуллахI. Цуьнга пайхамаралла доьссинчул тIаьхьа дуьнен чу ваьлла иза, цунна цIе тиллинера ТIоййиб (Диканиг), ТIахIир (ЦIенаниг), аьлла, иза а дIакхелхира жима волуш.

3) ИбрахIим. ХIижрат дина борхIалгIачу шарахь Мадинатахь дуьнен чу ваьлла иза, дIакхелхина шен ши шо а кхачале.

ЙоIарий:

1) Зайнаб.

2) Рукъаййат.

3) Умму-Кульсум.

4) ФатIимат.

Церан дуьнен чу бовларан рогIалла: Къасим, Зайнаб, Рукъаййат, Умму-Кульсум, ФатIимат, IабдуллахI, ИбрахIим. Уьш берриге, ИбрахIим воцург, Хадижата бина бу, ткъа иза КъибтIий йолчу Марийатан кIант ву.

Уьш берриш Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьалха дIакхелхира, ФатIимат йоцург, ткъа иза Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIаьхьа ялх баттахь ехира.

Хадижат дIакхелхинчул тIаьхьа, Делан омранца Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхин хIусамнаной балийра (Дела реза хуьлийла царна массарна):

1) Совдат, ЗамIатан йоI.

2) Iаишат, Абу Бакар Сыддикъан йоI.

3) Хьафсат, Iумаран йоI.

4) Зайнаб, Хузайматан йоI.

5) Умму-Саламат (ХIинд), Абу Умаййатан йоI.

6) Зайнаб, Джахьшан йоI.

7) Умму-Хьабибат (Рамлат), Абу Суфйанан йоI.

8) Джувайрийат, Хьарисан йоI.

9) Софиййат, Хьуйайййан йоI.

10) Маймунат, Хьарисан йоI.

11) Марийййат, ШамIунан йоI.

## Девежарий а, дейижарий а

Цхьайтта деваша вара Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), царах ву ийман диллина волу Iаббас а, Хьамзат а (Дела реза хуьлийла цаьршинна), царах ийман дилланза волу Абу ТIолиб а, Абу ЛахIаб а ву. Цуьнан ялх дейиша яра, царах цхьамма – Софиййата (Дела реза хуьлийла цунна) – ийман диллинера.

## Пайхамаралла доссале хьалха лелийнарг

Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дахар сийлахь, лераме дара, цуьнга пайхамаралла доссале хьалха дуьйна а. Баккъалла а, Дала ларвира иза (жима волуш) ца кхеташ болчу нехан вуонах: цкъа а жIарашна сужда дина дац цо, я малар ца мелла, цо дитина наха деш долу хIуманаш: самукъадаккхар, шовкъе (азартные) ловзарш. Нахалахь иза вара, нах шех теша а тешаш, ша царна тешаме а волуш, цуьнан сибаташца гуш дара и бакъ хилар а, цо бакъдерг дуьйцуш хилар а, цундела наха цунна цIе а тиллира, «бакълуьйш, тешаме верг», аьлла. Иза вара гергарлонаш хуьттуш, мискачех, таро йоцчу нахах къахеташ, царна гIо деш а. Дала, жехIил наха леточу къинойх лар а веш, хьалакхиийра иза.

## Пайхамаралла доссале жимма хьалхо

Шега пайхамаралла доссале хьалха Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара, ша нахана юккъера дIа а ваьлла, ша Кхоьллинчуьнга (Деле) а вирзина, цхьалха Iар лууш. Макки чохь йолчу «Хьираъ» олучу хьеха а воьдий, Далла Iибадат деш Iара иза буьйсанашкахь. Хадижат (Дела реза хуьлийла цунна) яра цунна оцу балха тIехь – кхача кечбарца а, кхидолчу оьшучу хIуманца а гIо деш.

Вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIа ма ца велира оцу хьеххахь Далла Iибадат дечуьра, Веза-Сийлахьчу АллахIа ша пайхамараллица сийлахь валлалц. ТIаккха мархин баттахь цуьнга вахьйу (пайхамар хилар билгал а доккхуш, Жабраил-

малико бина хаам) доьссира. Цул тӀаьхьа оцу хьехахь Ӏибадат деш Ӏийра иза.

## Пайхамаралла доссар

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен Сийлахь йолчу хенах шовзткъа шаре ваьллачу хенахь, Жабраил-малик доьссира цуьнга, иза оцу ломан хьехахь а волуш. ТӀаккха цо чӀогӀа мара къевлира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цо цуьнга элира: **«Деша!»** ТӀаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Со деша хууш вац!»** Иза дух-духа далийра цаьршиммо, цул тӀаьхьа Жабраила элира Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна): **«Деша хьайн Делан цӀарца, массо хӀума кхоьллина волчу! Адам кхоьллина цо дуькъачу цӀийх. Деша, хьан Дела тӀех Сийлахь ву, Ша къолам-йоза Ӏамийна волу. Цо Ӏамийна-кх адамна цунна цахууш дерг».** *«Аль-Ӏалакъ», 1-5.*

Къуръанах дуьххьара доьссинарг и аяташ дара, тӀаккха Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вухавирзира шен хӀусаме, кийрахь дог детталуш а долуш, ша олуш волуш: «**ТӀе хӀума таса суна, тӀе хӀума таса суна».** Цул тӀаьхьа, вахьйу ца догӀуш, дикка хан елира.

ТӀаккха АллахӀа доссийра цуьнга хӀара аяташ: **«ХӀай бедаршца дӀахьулвелларг, хьо хьалагӀатта, ахь** (халкъана) **кхерам таса…»** *«Аль-Муддассир», 1-2.*

Иштта Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тӀедиллина омра дара и – нах иймане

кхайкха, аьлла: АллахӀе, Ша цхьаъ волчу, Шеца накъост воцчу; ша ийман диллинчуьнга ялсаманица кхаъ боккхуш, я ша ийман ца диллинчуьнга Делан Ӏазапца кхерам луш.

## Иймане кхайкхар

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волавелира нах иймане кхайкха, Шеца накъост воцуш, Ша цхьаъ волчу АллахӀна Ӏибадат де, жӀарашна Ӏибадат дар Ӏаддита, аьлла. Цуьнан кхайкхар дара юьхьанца къайлах.

Дуьххьара, шен цӀийнан охӀлане, шен накъосташка, гергарчу нахе кхойкхуш, волавелира иза, иштта кхо шо даьллачул тӀаьхьа, Дала омра дира цуьнга, хьайга омра дийриг гучадаккха, аьлла. ТӀаккха хӀара аят доьссира: **«Ахь гуччохь кхайкхаде хьайга омра дийриг, хьо дӀахьовза керста нахах…»** *«Аль-Хьижр», 94.*

Оцу хенахь керста наха харцвира Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цунна а, цуьнан асхьабашна а зен дира цара. Кхойтта шарахь Макки чохь цо нахе иймане кхойкхучу хенахь цхьакӀезиг болчара бен цуьнца ийман ца диллира.

## Хьалха ийман диллинарш:

Божарех: Абу Бакар Сыддикъ (Дела реза хуьлийла цунна).

Зударех: Хадижат (Дела реза хуьлийла цунна).

Берех: Абу ТӀолибан кӀант Ӏела (Дела реза хуьлийла цунна).

Маьрша битинчу лех: Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) маьрша витина волу Хьарисан кIант Зайд (Дела реза хуьлийла цунна).

Лех: Билал Хьабаший (Дела реза хуьлийла цунна).

Бусалба нахана бала базбеллачу хенахь, керста наха царна деш долу зенаш совдевлча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра дина цаьрга, Хьабашойн махка (Эфиопе) хIижрат де (дIагIо), аьлла.

Пайхамаралла доьссина кхойтта шо даьлча, керста наха еш йолу новкъарлонаш а, уьш Делан некъах бухабеттар а чIагIделлачу хенахь, Дала цунна а, цуьнан асхьабашна а Маккара Мадинате хIижрат дан (дIабаха) пурба делла. Мадинатан охIлано (ансараш) везаш тIеийцира иза. Мадинатахь маьждиг догIарца дIаболийра цо бусалба пачхьалкх дIахIотторан болх. Оцу заманчохь Мадинатара дуккха нах иймане а баьхкина, бусалба дин даьржира оцу нуьре йолчу Мадинатахь.

## Пайхамаран
## (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)
## муIжизаташ

Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хилла долу Iаламаташ эзарнашкахь ду, царах тIех билгал долуш, коьртаниг – Сийлахь долу Къуръан ду. Даима хир долу Iаламат ду иза, мел заманаш дIаэхарх говза нах а, похIма долу нах а гIорасиз хуьлуш и саннарг дало. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала** (хIай Пайхамар)**: «Адамаш а, жинаш а гулделча**

**хIокху КъурIанах тераниг дан, дийр дацара цара цунах тераниг, царах цхьаберш вукхарна гIоьнчий хилча а».** *«Аль-Исраъ», 88.*

Кхидолу муIжизаташ:

– Ши дакъа хуьлуш, Маккахь Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бутт бекъабалар.

– Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) куьйган пIелгаш юккъера хи хьаладалар (цуьнан эскаро и хи маллалц), цул тIаьхьа цара ламаз оьцуш.

– КIеззиг йолчу яахIуманах дуккха хилар, иза (Хандакъ гIазотехь и болх хиларх терра) дуккха а халкъо яа а юуш.

– Маликан кIанта Суракъата (Дела реза хуьлийла цунна) паччахьан духар тIедухур ду аьлла, къайлах дерг дийцар.

## ДIакхалхар

Вай Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIакхелхира хIижрат динчул тIаьхьа 11-чу шарахь, рабиIуль-аввал беттан 12-чу дийнахь (оршотан де дара иза), шен кхузткъе кхо шо долуш.

## Пайхамаран
(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)
## агIонхьара вайна тIехь долу декхар

– Иза Iаламехь тIех сийлахь волуш, пайхамаршна а, элчанашна мухIар тухуш, массо нахе вахийтина

тIаьххьара Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву, аьлла вай тешар; вайна хаар – цхьа а адам бусалба дине догIуш цахилар, хIара дош аларций бен: **«Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин Дела вац, аьлла. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад – Делан Элча ву, аьлла».**

– Вайна и Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вешан догIмел а, массо хIуманал а дукха везар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шух цхьа а кхоччуш ийман диллина ма вац, шен дел-ненал, доьзалел, массо нахал а цунна со дукхавеззалц».** *Бухари.*

– Иза вазвар, цуьнан лерам бар, и хьахош мосазза хеза цунна салават диллар а – тIаккха вай дукха дийр ду Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллар массо хенашкахь, ваьш ала а олуш: **«АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадив-ва саллим».**

– Вайна тIехь ду-кх – цо вайга деанчу Сийлахьчу Къуръанна, цIена хилла долчу Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) суннатна а тIаьхьадазар, цу шиммо Iамочу хIуманашцца тасадалар.

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIаваьллачул тIаьхьа бусалба паччхьалкхан коьртехь тIаьхье хьалхе цуьнан накъостий-асхьабаш хIиттира. Уьш бу:

1) Абу Бакар Сыддикъ (Дела реза хуьлийла цунна).

2) Iумар, ХаттIабан кIант (Дела реза хуьлийла цунна).

3) Іусман, Іаффанан кІант (Дела реза хуьлийла цунна).

4) Іела, Абу ТІолибан кІант (Дела реза хуьлийла цунна).

## Къуръанах кхетам балар

Іалашо: Къуръанан дозалла гайтар, и бакъдолу, нийса жайна хилар хаийтар, и дешар меле хилар дийцар.

Къуръан – иза Жабраил-маликехула Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) доссийна Делан дош ду. Жабраил-малико дІаолуш, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дагахьлаттош, цул тІаьхьа цо шен асхьабашна (Дела реза хуьлийла царна) доьшуш хилла Къуръан. Дуьххьара Къуръанах цуьнга доссийна дош – иза «Деша» аьлла дош ду.

Бусалба нехан дахар муха хила деза гойту Къуръано, хьарам, хьанал къастадо, нийса некъ гойту.

Къуръан дешар чІогІа мелехь хІума ду. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух уггар а дика верг – шена Къуръан Іамийна, цул тІаьхьа иза дІахьехнарг ву».** *Бухари.*

Къуръанан хІора элп дешарна Дала мела луш бу. Цундела ишколе дахале Іарбийн элпаш Іамийча, даккхий хилча Къуръан деша Іамо атта хир ду берашна. Да-нана декхарийлахь ду шайн берашна Къуръан деша Іамо, я, шайна Іамо ца хаахь, хуучуьнга Іамадайта а. МуІазан кІанта СахІла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуь-

лийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръан дешнарг милла велахь, цуьнца Іамал а еш, – цуьнан дена-нанна таж** (корона) **туьллур ду къематдийнахь, цуьнан серло хир ю дуьненан хIусамашкахь хиллачу маьлхан серлонал хаза. ТIаккха и Къуръан Іама а дина, цуьнца Іамал йинарг муха хир ву аьлла хета шуна?!»** *Абу Давуд.*

Веза-Сийлахьчу Дала Лавхьул-Махьфуз кхоьллина, цу тIе доссийна Къуръан, цу тIера дуьненан стиглахь долу Байтуль-Іизза тIедоссийна. Цу тIера, АллахIа Ша хаьржина волчу Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цIенчу даг чу диллина Сийлахь Къуръан. Жабраил-малико (Делера салам хуьлийла цунна) шена ма-дешшара доьшуш хилла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Къуръан шен асхьабашна (Дела реза хуьлийла царна).

Дала цхьаьнаметта ца доссош, 23 шеран заманчохь доссийна Къуръан. ХIора доьссина аят дагахь Іамош, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цу аятан маьIна хьоьхуьйтуш хилла асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна). ХIора мархин баттахь Жабраил-маликца (Делера салам хуьлийла цунна) Къуръан дагахь доьшуш, карладоккхуш хилла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Ша дIакхелхачу шеран мархин баттахь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шозза карладаьккхина Къуръан.

## Делан Элчанан

(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

**дахарх ирс эцар**

Іалашо: Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сибаташ довзийтар, цуьнан гІиллакхаш хьахор, цуьнан дахарх берашка масал эцийтар.

Дала халкъашлахь вазвина ваийтинчу Мухьаммад-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гІиллакхаш, сибаташ довзар тІехь ду вайх хІоранна. Вай лакхахь хьаха ма-дарра, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен дахарца гайтина вайна дуьненахь муха лела веза (яар, малар, ламаз дар, марха кхабар, йохк-эцар лелор…). Масала, яахІума яа волалуш **«Бисмилла́хІиррохьма́ниррохьи́м»** олуш хилла цуо, йиъна ваьлча, **«Альхьамду лилла́хІи роббиль-Іа́лами́н»** олуш хилла, аьтту куьйга бен хІума кхоллуш ца хилла. Шена гергахь йолчунна бен тІе куьг кховдош ца хилла. Цкъа а шена хьалхха биллина кхача сийсаз ца бора цо, шена езахь юура, реза вацахь, дІатоттура, ца юуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, шуна ма дара Делан Элчанехь хаза хилла долу масал, ша АллахІах а, ТІаьхьарчу** (къемат) **дийнах а кхоьручарна а, АллахІ дукха хьехочарна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

**Делан Элчанан**

(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

**хазалла**

МуIаввизан йоIа РубаййиIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, шега Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сибаташ дийца аьлча: **«ХIай кIант, хьайна и гича, схьакхеташ болу малх гича санна, хетар дара хьуна».**

Самуратан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цIечу басахь духар дуьйхина гира суна цхьана екхначу буса. Цуьнга а, стигларчу батте а хьаьжира со, оцу баттал хаза вара иза».**

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) месаш, Iаьржа а йолуш, дукха хьийзина я нисса охьаяхана а йоцуш, хилла. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **месашна, можана юккъехь ткъех кIайн чо бара».**

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **лекха а, лоха а вацара, шуьйра белшаш яра цуьнан. И санна тайна стаг цул хьалха а, тIаьхьа а гина вац суна».**

Абу Бакаран йоIа Iаишата (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Цуьнан юьхьа тIехь, беттасин нур санна, нур догура».**

Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

**юьхь горга яра, кIайн бос болуш, цуьнца цхьаьна цIен бос а бетталуш».**

Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **бIаьргаш, бIаьргийн негIарийн чоьш кIарула Iаьржа дара, озабелла горга дара цуьнан бIаьргаш… горгий долуш, деха цIоцкъамаш дара цуьнан».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со ламазна хIоьттина велахь а, со сайн букъа тIехьа дерг гуш вац ма моттийла шуна. ВаллахIи, суна къайла ма ца долу, ламаза тIехь Делах шу кхерар, аш ден рукуIаш, сужданаш. Сайн букъа тIехьа лаьтташ долу шу гуш ву со».**

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хьалхара цергаш нилха яра. Цуо къамел дечу хенахь цуьнан цергашна юккъехула нур дуьйлура».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **велакъежча, кхелаш а цхьаьна нуьрах лепара цуьнан».**

Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **лаг дато кIудал санна дара».**

Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчанан (**Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **куьйгаш, когаш даккхий дара».**

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **куьйгел кӀедачу (я шолан, я дарин) кӀадинах куьг ма ца кхетта сан».**

Абу Жухьайфата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **куьг сайн юьхьа тӀе диллира ас. Шал шийла дара цуьнан куьг, миск-ӀатӀарал хаза хӀожа а йогӀура цунах».**

Ӏелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **вара, шен болар, ша цхьана лекхачу лома тӀера чувогӀуш санна, нуьцкъала, тӀах-аьлла долуш. Ша юхахьожучу хенахь, дийнна дегӀ схьадерзадора цо».**

Ӏелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Гуттар боккха кхерам тӀебеача, тхаьш Делан Элчанна гергахь карадора тхуна. МостагӀчунна цул гергахь ца хуьлура тхох цхьа а».**

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Цхьана буса, массо нах Ӏадош, инзаре-чӀогӀа мохь белира Мадинатахь. Оцу маьхьаре дӀахьаьлхинчу нахана дуьхьалкхийтира цигара вухавирзина Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). **Абу ТӀалхьатан говрахь массарел хьалха кхиънера иза оцу маьхьаре. Ткъа нах паргӀатбехира цуо, кхера ма кхералаш, аьлла».**

Абу СаӀи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Кирхьана тӀехьа лаьттачу нускалал эхьхеташ, эсала вара Пайхамар** (Делера салам-мар-

шалла хуьлийла цунна). **Шена ца деза хIума цунна гича, цуьнан юьхьа тIехь иза хаалора тхуна».** *Бухари, Муслим.* Цхьаннен бIаьра вогIавелла ца Iара иза. Стиглачул дукха шен бIаьрг лаьтта хьажийна хуьлура цуьнан. Ша реза воцург цхьаннах даьлла аьлла шена хезча, цкъа а цуьнан цIе ца йоккхура: **«Оцу наха и тайпа хIума шайх хIунда долуьйту-техьа?»** – олура цуо.

Массо нахал сов нийсо еш, тешаме вара иза. Иза чIагIдора цуьнан накъосташа а, мостагIаша а. Шега пайхамаралла доссале а, **«бакълуьйш, тешаме верг»** аьлла цIе яхана а, нахана юкъахь нийсонца девнаш листарца гIараваьлла а вара иза.

Нахаца кура вацара иза. Мискачу нахаца уьйр йолуш а, къечу нахаца охьахуьйшуш а, лено дехначунна жоп луш вара иза. Шен асхьабашна юкъахь ша волуш, царах ца къеста хьожура иза. Цуьнан хIусамнанас Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Цуо шен мачаш тойора, бедарш дIатоьгура. Аш шайн цIахь ден гIуллакхаш санна, иза вара шен цIен тIехь гIуллакх деш. Иза вара, шу санна, шен бедар цIанъеш, уьстагIера шура йоккхуш, шен гIуллакх ша деш».**

Массарел дика ша делла дош кхочушдар, гергарло леладар дара цуьнца; кхиверг шел гIиллакхе хила йиш йоцуш, нахаца гIиллакхе а, къинхетаме а вара. Маьттаза лелар, вистхилар дацара цуьнца, неIалташ ца кхайкхадора, базарахь мохь ца хьоькхура. Вуочу хIуманна дуьхьала вуониг ца доккхуш, къинтIера волий Iадвуьтура шена халахетар динарг. Шеца цхьаьна новкъахула богIучарах цхьа а шена тIаьхьа ца вуьтура цуо. ТIаьххьара пайхамар ву аьлла, шен шина белша

юккъехь тоьхна мухIар а долуш вара иза.

Абу ХIалатан кIанта ХIинда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дукхахьолахь, гIайгIане хуьлура, даима ойлаеш вара иза, паргIатваьлла зама ян а яцара цуьнан. Оьшучохь бен вист ца хуьлура иза, вист ца хуьлуш вехха а Iара. Ша дуьйцург къастуьйтуш, хIора дош кхоччуш олура цо къамелехь, вистхилар кIеда дара цуьнан. Цхьанне Iиттарш ца йора, сийсаз ца вора цхьа а. Кхоллучу хIуманна реза воцуш хIума ца олура, я хасто ца хIуттура. Шена халахетар дича, оьгIаз ца воьдура, къинтIера а волура. Цхьанна тIе ишар еш пIелг ца хьажош, дийнна куьйгаца йора ишар.**

**Ша оьгIаз вахча, дIа а воьрзий, дIахуьлура. Шена хазахетар хилча, хьажар лаьтте дерзадора. Велаваларан хазалла къажарца дара цуьнан** («къахь-къахь» аьлла, велалуш ца хилла иза)**.**

**Шена пайде доцчу хIуманах мотт ларбора цуо, асхьабашна юкъахь барт чIагIбора, хIора тайпанан хьакъволчу къонахчун сий-ларам бора, иза церан хьаькам хIоттавора. Нах зен-зуламах ларбора».** *Тирмизис далийна «Шамаил» жайнахь.*

Дела ца хьахош, охьа ца хуура я хьала ца гIоттура иза. Нахах къаста гIерташ, даима цхьана метте охьа ца хуьйшура. Нах гулбеллачу кхаьчнехь, гуламна тIаьххье охьахуура, иштта кхечаьрга а охьаховша олура. Хевшина болчаьрца цхьатерра къамел дора, цхьаъ вукхул сийлахь ву царна ца моттийта. Шега хIума хаьттинчуьнга цуьнан гIуллакх чекхдаллалц леррина ладугIура. Шена тIедеана хьашт кхочушдора я, хаза

дош олий, там бора.

Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **шега дехначунна цкъа а «хIан-хIа» аьлла дац».** *Бухари.*

Берашца къаьсттина кIеда-мерза хилла вайн Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), баккхийчеран сий деш хилла. Цо олуш хилла, берашца дика ца хилларг, баккхийчеран сий ца динарг ша еанчу нийсонна тIехь вац. Шен йоьIан ФатIиматан ши кIант – Хьасан, Хьусайн чIогIа дукхавезаш, уьш хьоьстуш, даима цаьрца ловзуш хилла Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна).

Дела Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара-кх нахалахь тIех комаьрша волуш, тIех хаза гIиллакхаш долуш, тIех кIеда-мерза волуш, тIех дика нахаца уьйр, вазар, тIекере, марзо, доттагIалла долуш, и вара нахалахь тIех бакълуьйш. Цхьанне цкъа а хезна дац цо, шега пайхамаралла доссале хьалха а, цул тIаьхьа а аьшпаш боьттина бохуш.

И вара майра, мостагIчух вада ца водуш, вуха ца волуш. И вара чIогIа къинхетаме, къахеташ, кегийчаьрца ша кIеда-мерза волуш, ша царна дуьхьал кхетча церан лерам беш, маршалла хоттуш, шайн бусалба дин Iамадарехь уьш сутара беш. ЧIогIа оьзда вара иза. Миска нах – охьахаа леринчу метте охьа а ховшабой, ша лаьтта охьахуура иза. Ша чIогIа тIех кIеда-мерза хиларца, ша бахьанехь долчунна нах массо хIуманах хьалхабуьтуш, гечдеш вара иза. Шен дуьхьа оьгIаз ца воьдура иза, я шен дуьхьа чIир оьцуш а вацара, на-

гахь санна Дела оьгIаз вохуьйтуш хIума ца хилча. Шен меттахь дерг аьлла къамел дерзо йоккха говзалла шеца йолуш вара иза. Цуьнан гIиллакхаш дара Къуръан. Халкъашлахь уггаре веза волу иза хастош Веза-Сийлахьчу Дала болу: **«Баккъалла а, сийлахьдеза гIиллакхаш долуш ву хьо** (хIай Мухьаммад)**».** *«Аль-Къалам», 4.*

Баккъалла а, Дала цуьнан гIиллакхийн куц хIоттийра. Наха дезаш тIеийцира цуьнан гIиллакхаш, церан да хилла дIахIоьттира иза. Цуьнан гергара нах хилира царах, цунна гергахь диканиг – Делах чIогIа кхоьрург волуш. Собаре, тешаме, оьзда нах гуллора и волчу мажлисехь. Маьхьарий ца хьоькхура, хьарам некъаш боьхкура, Делах кхерарца яра церан вовшашца йолу марзо. Баккхийчеран сий деш, кегийчаьрца къинхетаме болуш, гIо-накъосталла оьшучунна гIо деш бара оцу мажлисехь берш…

Даима хаза дош олуш вара, нахаца хаза тIекаре йолуш, шех стаг ийзаволуьйтур воцуш вара. Цунах дог ца дуьллура цхьаммо. Шена кхо хIума дихкинера цуо: моттаргIанаш лелор; дукхалер; шех хьакхалуш доцу хIума тергалдар. Нахаца лелон кхо хIума а дихкинера цуо шена: муьлхха стаг сийсазвар; стеган къайленаш гучуяхар; пайде, меле доцу къамел дийцар.

Иштта Веза-Сийлахьчу Дала хазчу суьртехь кхоьллина, кхиийна Шена дукхавезаш волу вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), кхоччуш долу хаза гIиллакхаш делла цунна. «Мел дийци совдуьйлу хьан нуьре жовхIараш» бохучу назманехь ма-аллара, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIиллакхаш мел дийцарх кIордор

дац, хIунда аьлча и санна везчу стага ког ца биллина я буьллур бац хIокху лаьттан букъа тIе.

Дуьненахь вай йоккхучу заманахь, ечу Iамалехь-Iибадатехь, балхахь, цIахь Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал иэца дезаш ду вай. Вайн бераш мелла хьалхе оцу некъа тIехь нисдеш къахьега дезаш ву вайх хIора а.

## Къуръанан цхьадолу сураташ, салават, Дела хьехор

Iалашо: берашна, церан хенашка хьаьжжина, Бисмилла, Этхьиг, цхьацца доца сураташ, доIанаш, салават дилла Iамор.

Бусалба дино берана ламаз хьехар цуьнан ворхI шо кхаьчначу хенахь доладе боху. Делахь оцу хене бер далале, берийн бешах цунна Iамо атта долуш, доца сураташ, доIанаш Iамо долийча, уьш ишколе буьйлабелча ламаз Iамо атта хир ду царна. Берийн бошмашкарчу кхетош-кхиорхоша (воспитатели) берийн хенашка хьаьжжина Iамо долон деза лакххахь вай далийна сураташ, доIанаш. Масала, гуттар жимачу тобанехь хIума юуш «Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м», йиъна бевлча «Альхьамду лилла́хIи роббиль-Iа́лами́н» алар, хIума аьтту куьйга кхалла Iаморна тIера боло беза болх. Йоккхачу тобанца ламазан Бисмилла, Этхьиг, къулхIанаш Iамон мегар ду.

**«АшхIаду ал-ла́ ила́хIа иллалло́хIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росу́лулло́хI** (Аса тоьшалла до, АллахI воцург Дела вац аьлла, Мухьаммад – Делан Элча ву аьлла)**».**

**«Алло́хIумма солли Iала́ Мухьаммадив-ва Iала́ а́ли Мухьаммадив-ва саллим** (Делера салам-маршалла хуьлийла Мухьаммадна, цуьнан доьзална)**».**

**«Альхьамду лилла́хIиллази́ ахъя́на́ баIда ма́ ама́тана́ ва илайхIин-нушу́р** (Хастам бу АллахIна, деллачул тIаьхьа вай дендина Волчу. (Къематдийнахь) Цуьнга ду (вайн) дерзар)**».**

**«Алло́хIумма бика асбахьна́, ва бика амсайна́ ва бика нахьйа́ ва бика наму́ту ва илайкан-нушу́р** (ХIай АллахI, Хьан ницкъаца Iуьйренга девлла тхо, Хьан ницкъаца суьйренга девлла тхо, Хьан ницкъаца денло тхо, Хьан ницкъаца лан-ле тхо, Хьоьга ду (тхан) дерзар (къематдийнахь)**».**

**«Роды́ту билла́хIи роббан, ва билль-исла́ми ди́нан, ва би Мухьаммадин соллалло́хIу IалайхIи ва саллама набиййан ва росу́лан** (Со реза ву АллахI сайн дела хиларна, Ислам – сайн дин хиларна, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) – сайн пайхамар, элча а хиларна)**».**

**«Субхьа́налло́хIи ва бихьамдихIи́** (ЦIена ву АллахI, хастам а бу Цунна)**».**

## Бераш вуочух лардийриг

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Хьасан, Хьусайн вуочух ларвар доьхуш, хIара дарбане дешнаш дийшира:

**«УIи́зукума́ бикалима́тилла́хIит-та́ммати мин кулли шайтIо́нив-ва хIа́мматин, ва мин кулли Iайнил-ла́мматин** (АллахIан кхоччуш дуьззина дол-

чу дешнашца доьху аса, мел долчу шайтIанеххий, садолчу хIуманеххий, массо а вуочу бIаьргеххий Цо шуьшиъ Iалашвар)».

**Цомгашчунна** (цуьнга хьажа ваханчохь) **ден доIа**

**«АсъалуллóхIаль-Iазы́ма, роббаль-Iаршиль-Iазы́ми ай-йашфиййака** (Йоккхачу Iаршан Да волчу Веза-Сийлахьчу АллахIе доьху ас хьуна дарба дар)**».**

## Хьоршам тоьхча ден доIа

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Шух цхьамма хьоршам тоьхча, цо олийла: **«Альхьамду лиллáхI** (хастам бу АллахIна)**».** Цуьнан вашас йа накъосто олийла цуьнга: **«ЙархьамукаллóхI** (АллахIа къинхетам бойла хьоьх)**».** Шега **«йархьамукаллóхI»** аьлча, цо олийла: **«ЙахIди́кумуллóхIу ва юслихьу бáлакум** (АллахIа шу нисдойла, шун хьал а тодойла Цо)**».** *Бухари.*

## ОьгIазвахча ден доIа

**«АIýзу биллáхIи минашшайтIóнирроджи́м** (Ас ларвар доьху АллахIе, Цо Шен къинхетамах генадаьккхинчу шайтIанах)**».**

## Шен дегIехь лазар хааделча олург

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «Хьайн дегIах лозучу меттигана

хьайн куьг тӀедилла, тӀаккха кхуззу: **«БисмилляхӀ** (АллахӀан цӀарца)», цул тӀаьхьа ворхӀазза ала: **«АӀузу биӀиззатилляхӀи ва къудротихӀи мин шарри ма ажиду ва ухьазиру** (Со ларло АллахӀца, Цуьнан ницкъаца а, сайна хаалуш долчу а, сой ларлуш волчу а вуонаха)».

### Кхеравелча олург
### «Ла илахӀа иллаллохӀ (АллахӀ воцург, дела вац)».

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: ***«СубхьаналлохӀи, вальхьамду лилляхӀи, ва ла илахӀа иллаллохӀу, валлохӀу акбар*** *(АллахӀ Шеца там боцучух цӀан во ас, хастам бу АллахӀна, АллахӀ воцург дела вац, АллахӀ Воккха ву)* **алар дукха ма деза суна, малх тӀе хьожучу массо хӀуманал а».** *Муслим.*

Ала догӀу, берийн хьуьнаре хьаьжжина, царна кӀорда ца дойтуш, ницкъ ца беш дӀабахьа беза царна дин довзийтаран болх. Масала, 2-3 шо кхаьчначу берана бисмилляхӀ ала Ӏамо деза, бисмилляхӀиррохьманиррохьим ала Ӏамоле хьалха. Иштта ламазан бисмилла, Этхьиг, къулхӀанаш 4-5 шаре бевлачарна Ӏамийча бегӀийла хир ду аьлла хета.

Кхетош-кхиорхочо дин довзийтаран болх тайп-тайпанарчу некъашца дӀабахьарх пайда алсам хиларх тешна ду тхо. Масала, Дела а, Цуьнан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вовзийтархеь хӀара сценка хӀоттор пайде хир ду.

**Дела а, Цуьнан Элча а** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **берашна вовзийтар**

ЙоI сцени тIе йолу. Экрана тIехь гуш хазчу Iаламан (сийначу аренийн, хьаннийн, шовданийн, лаьмнийн, буьйсанна кхеттачу беттасин, нурдашочу маьлхан…) бес-бесара суьрташ ду.

ЙоIа олу:

– Мел товш, хаза, исбаьхьа ду хIара Iалам: стиглара седарчий, беттаса, шовданаш, лаьмнаш, сийна аренаш, хьаннаш, олхазарш, можа малх, цIена хIаваъ!..

Юха го вайна дикане-вуоне даха а, хьанала белхаш бан арадаьлла адам.

ЙоI: Ма тамашийна арадаьлла-кх хIара адам! Мила ву-техьа хIокху дуьненан халкъана рицкъа латториг, уьш кхобург?!

Кирхьана тIехьара гучуволу цхьа кIант.

КIант: ХIара исбаьхьа жил-Iалам – стигла къагош башха лепа седарчий, лаьмнашкахь бухдевлла, адамийн кийранаш, ткъа иштта латтанаш Iабо охьахьаьвдда догIу цIена, шийла шовданаш, ша безар иманах леринчу Даймехкан сурт башха кхелина лекха къоьжа лаьмнаш, куз баржийча санна хаза гуш йолу ялтин аренаш, бертахь техкаш го хьаннаш, иттаннаш тайпана олхазарш, дийнахь схьакхета нурдашо можа малх, дагна аьхна хIаваъ, дахаран дезаршна арадаьлла адам – и дерриге а (вай цIеяьккхинарг а, яккхазниг а) кхоьллинарг, хIокху дерриг дуьненан халкъана рицкъа латториг, уьш кхобург Шеца накъост воцуш, цхьаъ хилла волу вайн Дела – Сийлахь АллахI ву!

ЙоI: Вайна муха, мичара хиъна иза?!

КIант: Дала адамашна юккъехь хаьржина ву, шен ден цIе IабдуллахI, ненан цIе Аминат йолуш, Макки чохь вина, Мадинатахь кхелхина волу, шен 40 шо кхаьчначу хенахь Дала шега пайхамаралла доссийна волу Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Жабраил-маликехула Дала цуьнга доссийна Сийлахь Къуръан. Бакъ дин адамашка дIакхайкхаде аьлла, омра дина цуьнга Дала. Оцу Мухьаммад-пайхамарехула (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хиъна вайна и дерриг. 1400 шо сов хьалха цо кхайкхийна дин ду вайга схьакхаьчнарг.

ЙоI: ХIун де аьлла Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вайга?

КIант: АллахI цхьаъ ве, ша бакъ Пайхамар, бакъ Элча хилар къобалде, Дала шайна хIора дийнахь дан тIедиллина долу пхи фарз ламаз де шен-шен хеначохь, аьлла цо.

ЙоI: Кхин хIун аьлла цо?

КIант: Шарчохь болчу 12 баттах цхьа бутт фарз мархин Рамадан бутт бу. Иза кхаба а, даьхни тIера фарз закат ло а, ницкъ кхачахь – ХьаьжцIа гIо а аьлла цо.

ЙоI: Берашца муха хилла Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)?

КIант: ЧIогIа дика хилла, бераш къаьсттина дукхадезаш хилла цунна. Шен йоьIан бераш Хьасан а, Хьусайн а хьостура цо, кара а оьций. Даима шен марахьерчош хилла цо и шиъ. Шайн дай-наношца дика хила бохуш, хьехам-кхайкхам бина цо берашка. Деца-

ненаца дика хилла а, дас-нанас аьлларг дина а волу доьзалхо ялсамане гIур ву аьлла вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна).

ЙоI: Муха меттиг ю-техьа ялсамани?

КIант: Иза дера ю, шел хазаниг кхин хир йоцуш хаза меттиг: вайн бIаьргашна цкъа а гина доцу, вайн лергашна цкъа а хезна доцу, вайн даг чу цкъа а дена доцу хаза ниIматаш хир ду цу чохь: шурин, мезан татолаш, тайп-тайпана шовданаш, стоьмаш, массо даарш хир ду, самукъадалар хир ду даима. Цкъа а къанлур вац цу чохь стаг, даима къона лаьттар ву, шен гергарчех, бевза-безачех марзо оьцуш.

ЙоI: И ялсамани хьанна хир ю бахара ахьа-а?! Мила хир ву цу чохь?

КIант: Иза хир ю Дела цхьаъ веш, Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бакъ а веш, дийнахь-буса пхи фарз ламаз а деш, фарз мархин бутт кхобуш, закат дIа а луш, ницкъ кхаьчнехь шен оьмарехь цкъа вахана а ХьаьжцIа вахана волчу, деца-ненаца дика хилла а волуш, хьарам-хьанал къастош кху дуьненахь ваьхначу стагана.

ЙоI: Муха стаг хилла тIаккха Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)?

КIант: Хьешашна, хьала а гIоттий, дуьхьалволура иза, баьрчче охьаховшабора уьш, цаьрга дика хьожура. Баккхийнаш лорура, уьш лара кхойкхура кегий нах, уьш ца леринарг шен некъа тIехь вац, олура цо. Берашца дика вара иза, цаьрца дика хила кхойкхура цо баккхийнаш. Берашца вуон хилларг, царах къинхетам ца бинарг, шен некъа тIехь вац, олура цо.

Массо нахал сов нийсо еш, тешаме вара иза. Кура ванне воцуш, мискачу нахаца хаза уьйраш, гергарлонаш долуш, къечу нахаца охьахуьйшуш, цхьана а хIуманна тIехь нахах ца къеста хьожуш хилла Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Дела ца хьахош, охьа ца хуура я хьала ца гIоттура иза.

Иза вевзинчу наха дезаш тIеийцира цуьнан гIиллакхаш. Цуьнан гергара нах хилира царах, цунна гергахь диканиг – Делах чIогIа кхоьрург волуш. Даима хаза дош олуш вара, нахаца тIекаре йолуш, шех стаг ийзаволуьйтур воцуш вара. Цунах дог ца дуьллура цхьаммо.

ЙоI: Мел хаза хилла-кх цуьнан гIиллакхаш! Нахана ма диканиг хьехна цо. Баккъалла, шех масал эца хьакъверг ма ву иза-м…

КIант: Бакълоь, хьо! Дала ма боху, Шен Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) муьтIахь верг Шена муьтIахь ву шуна. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIиллакхаш мел дийцарх кIордор дац. Мухьаммад-пайхамарх (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал иэца хьовсуш, кху дуьненахь вай дахахь – эхартахь ялсаманехь хир ду вай, Дала мукъалахь.

И сценка чекхъяьлча, берашца хIокху хаттаршна тIехь болх бан мегар ду:

Дуьне, Iалам кхоьллинарг мила ву?

Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) мила ву, цуьнан ден, ненан цIе хIун хилла?

Къуръан бохург хIун ду?

## Лераме йижарий!

Далла гергахь, нахана гергахь жоьпалле болх бу аш бийриг, къематдийнахь цунах лаьцна барт хоттур болуш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех».** *Бухари, Муслим.* Цул сов, берашца бечу балха тIехь тергам бан беза, вайнехан гIиллакхаш динца догIуш хиларна тIехь. Дала вайна делла ши жовхIар – бусалба дин, цуьнца догIуш долу вайн къоман гIиллакхаш лардарехь ю вайнехан кхане. Аш берашна Iамийна дика хIума (Бисмилла, Этхьиг, гIиллакх…) эхартахь пайде, меле хилла карор ду шуна, Дала мукъалахь. Вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла-кх: **«Цхьана стагана дика хIума дан Iамийначунна, и дика хIума динчунна йоллу ял хир ю».** Ткъа вайх хIора ма ву, хIокху дуьненахь ваьшна мела, ял хир йолчу гIуллакхашна тIехь сутара хила везаш, эхартахь декъала хилархьама.

Везчу Дала вай йина Iамал къобалйинчарах дойла вай, Шен къинхетамах ма дохийла Цо вай!

## Чулацам


Дешхьалхе.........................................................3
Исламах кхетам...............................................4
Ламаз дар...........................................................6
Ламаз эцаран кеп..............................................7
Ламаз эцна ваьлча, хIара доIа дар суннат ду......8
Ламаз деш волчо лардан деза ламазан гIиллакхаш.........................................................8
Ламаз дохош долу хIуманаш.............................9
Фарз ламазаш....................................................10
Ламазан тасбихь...............................................17
Ламаз карара долу бахьанаш............................21
Фарз ламазашца деш долу суннат ламазаш.......22
Мархин бутт кхабар..........................................24
Марха кхабаран хьикмат, цунах болу пайда......25
Марха къобал хиларан бехкамаш.......................27
Дагардийр ду вай марха кхаба ца магош долу бахьанаш........................................................27
Мархин арканаш................................................28
Марха кхабарца долу гIиллакхаш......................30
Марха дохаран бахьанаш...................................33
Мархин сахь даккхар..........................................34
Мархин сахь важиб деш болу бехкамаш...........35

Мархин сахь даккхар хьанна тIехь ду...............35
Мархин сахь доккху хан.........................................36
Мархин сахьана доккхуш дерг.............................36
Закат далар..............................................................36
Закатан хьикмат, пайда........................................37
Закат далар хьанна тIехь ду?..............................38
Шена тIера закат далар важиб долу даьхни.......39
ХьаьжцIа вахар......................................................42
Хьаждар хьанна тIехь ду?....................................42
Хьаждаран арканаш (меженаш)..........................42
Цуьнан важибаш (декхарш)..................................43
Ийманах кхетам.....................................................43
Сийлахьчу АллахIах тешар –
ийманан хьалхара рукна ю...................................44
Ийманан шолгIа рукна – Делан
маликех тешар ю....................................................45
Ийманан кхоалгIа рукна – Делан
жайнех тешар ю.....................................................45
Ийманан йоьалгIа рукна – Делан
пайхамарех тешар ю..............................................46
Ийманан пхоьалгIа рукна –
къематдийнах тешар ю.........................................47
Ийманан йолхалгIа рукна – Делан
кхиэлах (хила яздинчух) тешар ю......................47

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вовзийтар..............................47

Вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сийлахь долу тайпа........…......49

Дуьнен чу валар.....................................................49

Вакхавар...........................................................……........49

Кхиар................................................................………......50

Болх..................................................................……........51

ХIусамнана ялор.............................................….........51

Бераш (доьзал)...................................................52

Девежарий а, дейижарий а...................................…........53

Пайхамаралла доссале хьалха лелийнарг..........54

Пайхамаралла доссале жимма хьалхо................54

Пайхамаралла доссар.......................................55

Иймане кхайкхар...............................................56

Хьалха ийман диллинарш...................................…......56

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) муIжизаташ............................57

ДIакхалхар.....................................................….......58

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) агIонхьара вайна тIехь долу декхар.…....58

Къуръанах кхетам балар......................................60

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дахарх ирс эцар........................62

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хазалла....................................63

Къуръанан цхьадолу сураташ, салават, Дела хьехор............................................70

Бераш вуочух лардийриг....................................71

Цомгашчунна (цуьнга хьажа ваханчохь) ден доIа.....................................................................72

Хьоршам тоьхча ден доIа....................................72

ОьгIазвахча ден доIа............................................72

Шен дегIехь лазар хааделча олург.......................72

Кхеравелча олург..................................................73

Дела а, Цуьнан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) берашна вовзийтар..................74

Лераме йижарий!.................................................78

*Билгалдахаршна*

Организационное и методическое руководство
издательской деятельностью в ГАУ
«Телерадиокомпания «Путь» им. А. Кадырова
осуществляет его  директор А. С. Шахидов

Составитель – Арби Илесов

Рецензенты – М-Э. Эдихаджиев, С. Магамедов

Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Саид-Магомед Тасуев

Подписано в печать 25.09.2019 г.
Тираж 1000 экз.

Министерство Чеченской Республики
по национальной политике,
внешним связям, печати и информации

ГАУ ТРК «Путь» им. А. Кадырова